Гъуазэт адэм и дунейр тетыкIар

2-нэ нап.

Хэкум и къыщхьэщыжакIуэхэр

3-нэ нап.

Урысеймрэ Белоруссиемрэ зэпызыщIа телелъэмыж

4-нэ нап.

Дэрэжьэгъуэ къаритащ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№47 (24.797) • 2025 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 18, мэрем • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

80 ТЕКIУЭНЫГЪЭ

3-нэ нап.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

Зыми щымыгугъыу зэфIэгъэкI

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ Къэрал казначействэм КъБР-м щиIэ управленэм и унафэщI IутIыж Пщымахуэ.

ЗЭIУЩIАХЭР тепсэлъыхьащ Управленэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетыр зэрызэригъакIуэм, IуэхущIапIэм илъэс блэкIам хузэфIэкIахэмрэ дызэрыт илъэсым и япэ мазищым къехъулIахэмрэ.

Управленэм къигъэлъагъуэ бжыгъэхэмкIэ, 2024 гъэм бюджетым и Iыхьэ псоми хэхъуэу яIащ сом мелард 86,2-м нэс, ар 2023 гъэм къигъэлъэгъуахэм елъытауэ процент 1,7-кIэ нэхъыбэщ. Налогхэм къахэкIыу, щIыпIэ бюджетым а пIалъэ дыдэм къриубыдэу къыхэхьуащ сом мелард 20,8-рэ, ар илъэс блэкIам ейм нэхърэ проценти 8,2-кIэ нэхъыбэщ.

А псом я фIыгъэкIэ, республикэм и социальнэ къалэнхэр зыми щымыгугъыу зэфIегъэкI: хущхъуэ нэхъ пуду сымаджэхэм ярищэнри, бюджетым и лэжьакIуэхэм я улахуэм хагъэхъуэнри, коммунальнэ Iуэхухэм зэхъуэкIыныгъэ халъхьэнри, республикэм щыпсэухэм зэрахузэфIэкIкIэ защIигъэкъуэнри, къинэмыщIхэри.

Дызэрыт илъэсым и япэ мазищым бюджетым и Iыхьэ псоми сом мелард 20,4-рэ къахэхъуащ, ар процент 1,6-кIэ 2024 гъэм ейм нэхърэ нэхъыбэщ.

Къэрал бюджетыр зэрыщытыпхъэм нэгъэсыным и IуэхукIэ, 2023 гъэм елъытауэ абыи фIыкIэ зихъуэжащ. Управленэр къэрал бюджетыр здэкIуапхъэм нэгъэсынымкIэ щIыналъэ нэхъыфIитхум язщ. ЗэIэпыхыныгъэкIэ бюджетыр гъэлэжьэныр проценти 100-кIэ зыхузэфIэкIа щIыналъэ закъуэщ ди республикэр, ар епхащ лъэпкъ проектхэр зэрызэфIахым.

КIуэкIуэ Казбек щIыналъэм и казначействэм и лэжьакIуэхэм ехъулIэныгъэ яIэну ехъуэхъуащ, абы куэдкIэ елъытащ республикэм мылъку Iуэхухэр зэрыщызэфIэкIыр. Дзэ Iуэху хэхам щыIэ зауэлIхэм зэрызыщIагъакъуэм щхьэкIи фIыщIэшхуэ яхуищIащ.

Къалъхухэм я бжыгъэм хохъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрыр ящыщщ къалъхуам и куэдагъкIэ Урысейм щыпэрыт хэгъэгуи 10-м.

МЫ ИЛЪЭСЫМ и пэщIэдзэм щегъэжьауэ республикэм дунейм къыщытехьэ сабийхэм я бжыгъэм проценти 7,7-кIэ хэхъуащ. ЩIышылэ мазэм къалъхуащ сабий 950-рэ, ар цIыху 1000-м хуэзэу ику иту къалъхуагъащIэ 12,3-рэ мэхъу. Нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм дунейм къытехьауэ щытащ сабий 882-рэ (цIыху миным хуэзэу 11,5-рэ). Сабий нэхъыбэ къыщалъхуащ Налшык къалэм, Шэрэдж, Тэрч, Май, Дзэлыкъуэ щIыналъэхэм.

А Iуэхум мыхьэнэшхуэ щигъэзэщIащ республикэм унагъуэхэм щыхуащIэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэхэм, школхэр, сабий садхэр зэрыщаухуэм, иджырей медицинэ IуэхущIапIэхэр къызэрыщызэрагъэпэщым, цIыкIухэм спортым, творчествэм, егъэджэныгъэм щаIэ зэфIэкIхэм зэрызрагъэужьын Iэмалхэм зэрыщызаубгъум. Абы и фIыгъэкIи бынунагъуэшхуэхэри нэхъыбэ хъуащ. Иужьрей илъэситхум абыхэм я бжыгъэр процент 27-кIэ дэкIуеящ.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

Зэкъуигъэувэнущ я къарухэр

«Урысей - Ислъам дуней: KazanForum» дунейпсо экономикэ зэхуэсышхуэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкIуэкIынымрэ хуэгъэпса къызэгъэпэщакIуэ комитетым и зэIущIэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Ар иригъэкIуэкIащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хуснуллин Марат.

«А ЗЭХУЭСЫШХУЭР Къэзан къалэм 2009 гъэ лъандэрэ къыщызэрагъэпэщ.

УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэм ипкъ иткIэ илъэситI ипэкIэ абы иIэ хъуащ къэралпсо мыхьэнэ. НэгъуэщI хэкухэми къыхуащI гулъытэм кIуэ пэтми къыхохъуэ икIи хэтыну зэрыхуейр къагъэлъэгъуакIэщ дунейм и къэрал 74-м, Урысейм и щIыналъэ 61-м я лIыкIуэхэм. Зэхуэсышхуэм и программэм хэтщ дунейпсо зэдэлэжьэныгъэм, инвестицэм, хьэлэл мардэм тету ерыскъыхэр гъэхьэзырыным, щэнхабзэм, туризмэм, нэгъуэщI унэтIыныгъэхэми къызэщIаубыдэ Iуэхуи 130-м нэблагъэ. ДызыхуэкIуэ «Kazan Forum»-р екIуэкIынущ ди къэралыр Хэку зауэшхуэм зэрыщытекIуэрэ илъэс 80 щрикъу гъэм икIи, шэч хэмылъу, абыи гулъытэ хэха игъуэтынущ.

Зэхуэсым и мурад нэхъыщхьэр тещIыхьащ дунейр зэмылIэужьыгъуэу зэрызэхэлъыр къэлъытэнымрэ дэтхэнэ къэралми и щхьэхуитыныгъэм пщIэ хуэщIынымрэ. Ар щекIуэкIкIэ зэгурыIуэныгъэу щэхэр зэращIылIэ. Урысейм санкцэхэр къыщыхуагъэува, КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щытыкIэр щыщызэщIэплъэ мы зэманым зэхуэсым мыхьэнэ хэха иIэ мэхъу, къалэнышIэхэри къыхуоув Урысеймрэ Ислъам къэралхэм я зэдэлэжьэныгъэм хэтхэмрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэм зегъэубгъунымрэ ахэр гъэбыдэнымкIэ.

Владимир Владимир и къуэм зэхуэсым хэтхэм защыхуигъазэм къыхигъэщащ: «Урысейм и дежкIэ лъапIэщ муслъымэн къэралхэм яхуиIэ пыщIэныгъэхэр. ПщIэшхуэ худощI дэтхэнэ хэкуми зыми емылъыта и къэрал щIыб политикэр иубзыхужыфыным ахэр зэрыхущIэкъум, дунейпсо Iуэхухэм зэрыхэтыр нэхъри зэрырагъэфIакIуэм. Дэ дызэкъуэту дрителъхьэщ хабзэр, захуагъэр зи лъабжьэ, демократиер щытепщэ, залымыгъэмрэ зэхэгъэж щIынымрэ зымыдэ къэрал зэхущытыкIэхэр убзыхуным. ИкIи, дауи, дыхуэхьэзырщ лъэныкъуитIми я фейдэ зыхэлъ сыт хуэдэ IуэхукIи дызэдэлэжьэным - сату щIынымрэ инвестицэхэмрэ щегъэжьауэ спортымрэ туризмэмри нэсу».

Шэч къытесхьэркъым мы гъэми зэхуэсышхуэм ислъам дунейм и къэралхэр зэрызэкъуигъэувэнур, псори ехъулIэныгъэм, зыужьыныгъэм зэрителъхьэр къызэригъэлъэгъуэнум», - щитхащ КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым.

ФIагъыр зэлъытар

Мэкъумэшым хухэха щIыхэр тэмэму къызэрагъэсэбэпым, ветеринарие, фитосанитарие IэнатIэхэм щызэдэлэжьэным, ерыскъыхэкIхэм я фIагъымрэ шынагъуэншагъэмрэ къэралым къипщытэным и Iуэху зыIутхэм, мыхьэнэшхуэ зиIэ нэгъуэщI куэдми тепсэлъыхьащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Урысейм мэкъумэш IэнатIэм кIэлъыплъынымкIэ и IуэхущIапIэм Кавказ Ищхъэрэм щиIэ управленэм и унафэщI Уэщхъун Тимур щыIущIам.

РЕСПУБЛИКЭМ и мэкъумэш-промышленнэ IэнатIэм гулъытэ хэха щызыгъуэт унэтIыныгъэхэм Управленэм щIыгъуу щызэфIагъэкIхэми и гугъу ящIащ. Абыхэм ящыщщ Iэщ гъэхъун IэнатIэм къыщалэжьахэмкIэ хамэ хэкухэм сату ядэщIынымрэ дызыхуэныкъуэхэр нэгъуэщI къэралхэм къыщыщэхунымрэ, ерыскъыпхъэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныр. КIэлъыплъакIуэхэм я лэжьыгъэм куэдкIэ елъытащ мэкъумэш-промышленнэ IэнатIэм къыщалэжьа продукцэу сату щIыпIэхэм ирагъашэм и фIагъыр зыхуэдэнур, абы и шынагъуэншагъэмрэ экологие и лъэныкъуэкIи пщалъэхэм къитIэсэнымрэ.

Республикэм и Iэтащхьэр управленэм и гупым ехъуэхъуащ щIыналъэмрэ къэралымрэ щыпсэухэм яфI къызыхэкIын лэжьыгъэфI адэкIи ирагъэкIуэкIыну.

ЛIыгъэм и дамыгъэхэр

Лениным и орденыр

СССР-м и дамыгъэ нэхъ лъагэ дыдэщ. Ар хуагъэфащэрт революцэ зэщIэхъееныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIахэм, лэжьыгъэм къыщыхэжанык Iахэм, Хэкур хъумэнымкIэ зихуэдэ щымыIэ хахуагъэрэ лIыгъэрэ къэзыгъэлъэгъуахэм, лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным зи гуащIэ хэзылъхьахэм, мамырыгъэр хъумэным зи зэфIэкI езыхьэлIахэм. Апхуэдэу дамыгъэр хуагъэфащэрт дзэ кхъухьхэм, дзэ зэгухьэныгъэхэм, совет къэралым хыхьэ республикэхэм, хэгъэгухэм, щIыналъэхэм, къалэхэм, къуажэхэм.

ГУАЩIЭРЫПСЭУХЭМРЭ мэкъумэшыщIэхэмрэ я Дзэ Плъыжьым (РККА) и къулыкъущIапIэ нэхъыщхьэм и унафэщI Левичев Василий «Ильич и орденкIэ» зэджэр ягъэуву Бэракъ Плъыжь орденыр плIэнейрэ зратахэм ар хуагъэфэщэну 1926 гъэм бадзэуэгъуэм и 8-м жэрдэм къыхилъхьэгъат. А орденыр дзэ дамыгъэ нэхъыщхьэу щытын хуейт. ГукъэкIыным япэщIыкIэ гъуэгу игъуэтакъым, ауэ Iуэхур 1930 гъэм и щIэдзапIэхэм щIэрыщIэу къаIэтыжащ. СССР-м и ЦIыхубэ комиссархэм я Советым къыгурыIуэрт дзэ хуэIухуэщIэхэм я мызакъуэу, мамыр гъащIэм зи гуащIэдэкIрэ зэфIэкI инхэмкIэ къыхэщхэри зэрагъэпажэ къэрал дамыгъэ щыIэн зэрыхуейр. «Лениным и орден» фIэщыгъэр зратам и теплъэр ягъэхьэзырыну Мэзкуу къалэм дэт «Къэрал дамыгъэ» («Гознак») фабрикэм и сурэтыщIхэм я пщэ далъхьащ. КъыхэкIа пэхуэщIэхэм КъэпщытакIуэ гупыр хэплъа нэужь, сурэтыщI Дубасов Иван игъэхьэзыра теплъэгъуэр къыхахащ. Мэзкуу 1920 гъэм щекIуэкIа Коминтерным и II Зэхуэсым хэта Ленин Владимир сурэттех Буллэ Виктор триха сурэт цIэрыIуэрщ дамыгъэм лъабжьэ хуэхъуар. Сурэтым пкъы хуэзыщIар Шадр Иванрэ Таёжный Пётррэщ. Аращ Совет къэралым и ГъэзэщIакIуэ комитет нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ 1930 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м къащтари.

Лениным и орденыр дыщэм къыхэщIыкIа дамыгъэщ. Ар пкъыгъуэ куэду зэхэтщ. Дамыгъэм и IуплъапIэ дыдэм къыщыгъэлъэгъуа хъурейм зи лъэгур лапхъэ щхъуэ-фIыцIафэкIэ къилыкIа медальон итщ. Абы и щIыIум, ику дыдэм хуэзэу, зи нэгур сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкIэ гъэза Ленин Владимир и сурэтыр тещIыхьащ. Ар дыщэ хужьым къыхэщIыкIащ. Медальоным уэрдыхьу псыгъуэ тIуащIэ къыдокIуэкI, абыхэм я зэхуакум налкъут плъыжьым и плъыфэр къызыщIыхьэ лапхъэ телъщ. Хъурейм ибгъухэр дыщэм къыхэщIыкIа гуэдз щхьэмыж зэхэухуэнахэмкIэ гъэщIэрэщIащ. Сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкIэ щыIэ гуэдз щхьэмыж зэхэухуэнам и щIыIум, ищхьэIуэкIэ хуэзэу, къуапитху вагъуэр тетщ, и лъабжьэм гъубжэмрэ уадэмрэ я сурэтыр тещIыхьащ. Ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ хьэрфышхуэ защIэкIэ «ЛЕНИН» псалъэр зытетха бэракъ плъыжьыр гуэдз щхьэмыжым къытеубгъуащ. Вагъуэми, гъубжэми, уадэми, бэракъми налкъут плъыжьым и плъыфэр къащIохьэ. Сурэт теплъэгъуэхэм я нэзхэр къыхэщ къудейуэ уэрдыхъу псыгъуэкIэ къэщIыхьащ. Орденым и щIыбагъыр зэфэзэщу джафэщ, и нэзхэм къыхэщ къудейуэ уэрдыхъу псыгъуэ къокIуэкI.

Дамыгъэм ищхьэкIэ щыIэ къуапэм тхьэгъу пыщIыхьащ, ар къуапитху хъу къуардэм хъурджанэ псыгъуэ цIыкIукIэ епхащ. Къуардэм зи бгъуагъыр миллиметр 24-рэ хъу данэ щэкI Iув кьешэкIащ. Абы плъыфитI хэлъщ: лъэгур плъыжьыфэщ, ибгъухэм дыщэ кусэ тIурытI ирокIуэ. Орденыр щыгъыным храгъэубыдэн щхьэкIэ, къуардэ щIыбагъым дыжьын лъакъуэ къыхэкIыуи, мастэкъуаншэ егъэубыдыпIэ иIэуи ящIырт. Ауэ 1943 гъэм мэкъуауэгъуэм и 19-м къыщегъэжьауэ, дамыгъэр зыхуагъэфащэхэм я бжыгъэр куэд щыхъум, мастэкъуаншэ егъэубыдыпIэкIэ зауэлI фащэм храгъэубыдэ хъуащ.

Совет Союзым и ЛIыхъужь, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Зауэ ЩIыхьым и къалэ, Зауэ ЩIыхьым и быдапIэ цIэ лъапIэхэр зыхуагъэфэщахэм дамыгъэ гуэдзэу ират Дыщэ Вагъуэм Лениным и орденри щIагъурт.

Лениным и орденым дыщэу хэлъыр грамм 28,604-рэ, сурэтым дыщэ хужьу хэлъыр грамми 2,75-рэ мэхъу. Дамыгъэм и хьэлъагъыр псори зэхэту грамм 33,6-рэ ирокъу. Орденым и лъагагъыр миллиметр 43-45-рэ, и бгъуагъыр миллиметр 25-рэ мэхъу. Медальоным и диаметрыр миллиметр 25-м нос.

Дамыгъэр зауэлI фащэм и сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкIэ храгъэубыдэ, зыхуагъэфэщам нэгъуэщI дамыгъэхэр иIэмэ, псом япэ иту халъхьэ.

Лениным и орденыр зыбжанэрэ зы цIыхум хуагъэфэщэнкIэ хъунут.

ТАБЫЩ Мурат.

Ди къуэш республикэхэм

Жыджэрхэщ икIи Iэзэхэщ

АДЫГЕЙ. ***Мейкъуапэ индустриальнэ техникумым щызэфIэкIащ ныкъуэдыкъуэхэмрэ зи узыншагъэм сэкъат иIэ цIыхухэмрэ IэщIагъэкIэ ябгъэдэлъ IэзагъыР къыщагъэлъагъуэ «Абилимпикс» щIыналъэ чемпионатыр.***

АБЫ хэтахэу 120-м щIигъур IэщIагъэ зэмылIэужьыгъуэ 18-м ехьэлIауэ махуиплIкIэ зэхьэзэхуащ, къыхуагъэув къалэнхэр ягъэзащIэурэ. Мы гъэм зэпеуэм мыхьэнэ щхьэхуэ игъуэтащ СВО-м и ветеранхэр - Бараев Эдуардрэ Гилев Игоррэ - япэ дыдэу зэрыхэтам къыхэкIыу.

«Абыхэм хъарзынэу зыкъагъэлъэгъуащ. Комиссэм Гилев Игорь етIуанэ увыпIэр, Бараев Эдуард ещанэр хуигъэфэщащ. Ахэр мыпхуэдэ зэпеуэхэм зэрыхэтар икIи къызэрыхэжанык Iар щыхьэт тохъуэ гъэунэхуныгъэхэм япсыхь а цIыхухэр къызэрызэфIэмыщIэм икIи зэрыжыджэрым», - къыщыхагъэщащ «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и щIыналъэ къудамэм.

Махуэшхуэм зыхуагъэхьэзыр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм егугъуу зыщыхуагъэхьэзыр ТекIуэныгъэм и махуэм. ЩIыналъэм и къалэхэмрэ районхэмрэ унэхэр щагъэщIэрэщIащ абы и дамыгъэхэмкIэ, ныпхэмкIэ, хэкур зыхъумахэм я сурэтхэр зытет баннерхэмкIэ.***

КъШР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рашид езым и телеграм-каналым къызэрыщигъэлъэгъуащи, школхэмрэ сабий садхэмрэ гуфIэгъуэ концертхэм зыщыхуагъэхьэзыр, сабийхэм гукIэ зрагъащIэ зауэм теухуа усэхэр, накъыгъэм и 9-м егъэщIылIа я IэдакъэщIэкIхэмрэ гъэлъэгъуэныгъэхэмрэ ягъэхьэзыр. ЕгъэджакIуэхэм абыхэм щыхуаIуатэ совет цIыхубэм, я лъахэгъухэри яхэту, зэрахьа лIыгъэм и инагъыр, дгъэлъэпIэну махуэшхуэм ди къэрал псом и дежкIэ иIэ мыхьэнэр зыхуэдизыр.

Къалэ транспортыр къыпхуэцIыхужынукъым - автобусхэмрэ троллейбусхэмрэ георгий лентIхэмкIэ, нып цIыкIухэмкIэ, гуфIэгъуэм егъэщIылIа нэгъуэщI дамыгъэхэмкIэ ягъэдэхащ.

Иджырей зэманым езэгъыу

АБХЪАЗ. ***Сыхъум и Аргун уэрамым спорт лIэужьыгъуэ куэд къызэщIэзыубыдэ джэгупIэ щаухуэ. Лэжьыгъэхэм я процент 60-м щIигъур зэфIэкIащ, иджыпсту тренажёрхэр ягъэув.***

УХУЭНЫГЪЭР зэпэщу икIи иджырей технологиехэм ткIийуэ тету ирагъэкIуэкI. Мыбы щыджэгу хъунущ футбол, стритбол, волейбол, - къыхигъэщхьэхукIащ «Урысей ныбжьыщIэ» къэралпсо жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и Краснодар щIыналъэ къудамэм и советым и унафэщI Марченкэ Роман.

А лэжьыгъэр щыщщ Абхъазым щагъэзащIэ проект щхьэхуэм. Абы ипкъ иткIэ республикэм щаухуэнущ спорт джэгупIэ 12, сабийхэм хуэщIауэ 5. Ар Урысейм республикэм хуищI тыгъэщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.



Мэкъумэш

Дызрикъунум щIегъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм зэрыщыжаIамкIэ, республикэм а IэнатIэм 2024 гъэм къыщIигъэкIа продукцэхэм ящыщ зыбжанэр куэдкIэ нэхъыбэщ щIыналъэр зыхуэныкъуэм нэхърэ. ЖыпIэнурамэ, пхъэщхьэмыщхьэу къыпачыжар процент 696-кIэ нэхъыбэщ, апхуэдэуи хадэхэкIхэмрэ хъарбыз-хъэуанхэмкIэ проценти 146-кIэ къызэгъэпэщащ, жылапхъэхэмкIэ - проценти 100-кIэ, лымрэ джэдкъазылымкIэ - проценти 139-рэ, гъэшхэкIхэмкIэ - проценти 142-кIэ.

АБЫ къыхэкIыу, республикэм и цIыхухэм я ерыскъыпхъэхэр къаймэщIэкIыным темыгузэвыхьу, УФ-м и нэгъуэщI щIыналъэхэм нэгъабэ хурагъэшащ пхъэщхьэмыщхьэу тонн мин 880-рэ, шэуэ тонн мин 210-рэ, жылапхъэу тонн мин 200. Министерствэм щыжаIащ щIыналъэм и АПК-м и продукцэу экспортым ягъакIуэм и куэдагъым зэрыхэхъуэ зэпытыр. Илъэс блэкIам къалэну яIащ доллар мелуан 13,9-рэ и уасэ мэкъумэш продукцэ хамэ щIыпIэхэм иращэн хуейуэ, ауэ а бжыгъэм фIыуэ щIрагъэгъуащ икIи 2024 гъэм и кIэм ар доллар мелуан 42-м нэсащ.

Республикэм и мэкъумэш IэнатIэм зэпымыууэ зэрызиужьымрэ и зэфIэкIхэм зэрыхигъахъуэмрэ мымащIэу и фIыгъэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щылажьэ федеральнэ пэхуэщIэмрэ щIыналъэ пэхуэщIищымрэ къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэр нэсу зэрагъэзащIэр.

«Мэкъумэш къэкIыгъэр зытращIэ щIыр егъэфIэкIуэным, гъавэ бэв къехьэлIэжыным, Iэщ гъэхъун IэнатIэм къыщIигъэкIым хэгъэхъуэным къадэкIуэу, мы гъэм республикэм и АПК-м къыпэщылъ къалэнхэм хохьэ продукцэхэм елэжь IуэхущIапIэхэм я зэфIэкIым зегъэубгъуныр, экспорт ягъакIуэм и куэдагъри нэхъыбэ щIыныр», - щыжаIащ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Ди газетыр къезыгъэхьхэм папщIэ

2025 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым къыпещэ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.

Мази 2-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 360-рэ кIэпIейкIэ 70-рэ;

фэ езым пощтым къыщыфщтэжынумэ - сом 329-рэ кIэпIейкIэ 18-рэ.

Ди индексыр П5894

Гъуазэт адэм и дуней тетыкIар

Аргуэру зы махуэщIэ. Аргуэру зы гъатхэ. Хьэмидбий и 75-нэ гъатхэ. Сыт хуэдэу къахущIэкIыну пIэрэ ар и унагъуэм, я жылэм, и щIыналъэм? МахуэщIэр уэфI зэрыхъунум и нэщэнэ зэрилъэгъуам гукъыдэж кърит ауэ, пщэддджыжьым, зэрихабзэу, Хьэмидбий хадэм йохьэри, хуэсакъыу зэрихьэ и пхъэщхьэмыщхьэ жыг хъушэр къызэхеплъыхь. ИкIи, ахэр мыгувэу щхъуантIагъэм зэрызэщIищтэнур, къызэрызэщIэрыуэнур и нэгу къыщIегъэхьэри, пхуэмыIуэтэщIыным хуэдизу гухэхъуэгъуэ ин егъуэт, и нэхэр къогуфIыкI, и псэм дэрэжэгъуэр щыз мэхъу...

ДЫГУЛЫБГЪУЕЙ къуажэм пщIэрэ щхьэрэ иIэу зылI дэсмэ, БжыкIший Мухьэмэд етIуанэт. Къулыкъуи сыти иIыгъэтэкъым абы, къызэрыгуэкI лэжьакIуэт. И хабзэрэ и дуней тетыкIэкIэ къилэжьыжат и пщIэр. Адэм и гъащIэрщ, и хьэл-щэнырщ, и цIыху хэтыкIэрщ Хьэмидбий гъуазэ хуэхъуар. Ар щыпсэу хьэблэм дэст я унэкъуэщ унагъуэ зытIущи, къуажэм гузэвэгъуэ къыщыхъуамэ, Мухьэмэд я нэхъыжьу дыуэщI кIуэрт зэщIыгъуу. Я лъэпкъым гуфIэгъуэ къихъуамэ, «дауэ тэмэму зэфIэдгъэкIын, сыт тщIэн» жаIэу, Мухьэмэд деж къэкIуэрти къечэнджэщырт.

Мухьэмэдрэ Нэлжанрэ зэдагъуэтат щIалищрэ хъыджэбзищрэ. ИгъафIэу яхудичыхакъым унагъуэм и нэхъыжьым абыхэм: хабзэбзыпхъэм, лэжьыгъэм щIипIыкIащ и сабийхэр.

Къуажэ школым хъарзынэу щеджащ Хьэмидбий. Ауэ унагъуэ Iуэхуми зэи зыпыIуидзакъым. Лэжьыгъэм ипсыхьа и шынэхъыжь Хьэчим Iэпыдзлъэпыдз хуэхъуу, сыт ищIэми дигъэпсынщIэу, зыщIримыгъэхыу къэгъуэгурыкIуащ.

Класс нэхъыжьхэм щынэсам щIалэщIэм дежкIэ белджылы хъуат зэтеувэну гъащIэ гъуэгуанэр. И хъуэпсапIэр хэIущIыIу имыщIыщэурэ здекIуэкIым, еджапIэр къыщиухым и адэм къыжреIэ: «Иджы хуэдэ зэманым IэщIагъэ гуэр уимыIэмэ, гугъу уехьынущ, сэ пэзубыдыркъым, мобы кIуэ, мыбы щIэтIысхьэ жысIэу, узыфIэфI дыдэр къыхэх, ауэ уеджэн хуейщ». Хьэмидбий жеIэ Iэщ гъэхъуным пыщIа IэщIагъэм хуеджэну зэримурадыр. Ар адэм гуапэ зэрыщыхъуам, къабыл зэрищIам гушхуэныгъэ къыхилъхьат щIалэм.

Арати, еджапIэ нэужьым БжыкIшийр щIотIысхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым зоотехниемкIэ иIэ къудамэм, егугъууи абы щоджэ.

Зэманыр шэ икIауэ макIуэ жыхуаIэрати, студент илъэсхэр напIэзыпIэм блэлъэтри, къуажэм къигъэзэжащ. Япэу ар здагъэкIуар Iэщ фермэрщ, «учетчикыу улэжьэнщ» къыжраIэри. Ауэ абы зэрыпэрыта щIагъуэ щымыIэу, IэщIагъэлI щIалэщIэр ящI фермэ унафэщI. А къалэныр и пщэ зэрыдэлъа илъэситIым кърикубыдэу Хьэмидбий нэхъри ижь хуэхъуащ зыхуеджа IэщIагъэм, и IэнатIэм. Апхуэдэу нэхъуеиншэу ар и IуэхущIафэм зэрыбгъэдэтым гу лъамытэу къэнэнт колхоз унафэщIхэм икIи нэхъыбэ зэрыхузэфIэкIынур къагуроIуэри, БжыкIшийр зоотехникыу ягъэув.

IэнатIэщIэми къыщыщIэхуакъым Хьэмидбий, зэрыжаIэу, етIысэх имыIэу бгъэдэтащ и лэжьыгъэм. Iэщыр зыхуей хуэзэн папщIэ езым и зэфIэкIри нэхъыжьхэм я чэнджэщри къигъэсэбэпащ.

ЛэжьакIуэфIыр, пщэрылъ щыпщI къалэныр тэмэму зэфIэзыгъэкI IэщIагъэлIыр фIыуэ зымылъагъу унафэщI щыIэу къыщIэкIынкъым. ЩыIэми зырызыххэщ. БжыкIшийм и лъэкIыныгъэр здынэсыр зыгъэунэхуа унафэщIхэм ар «Къызбрун» колхозым и зоотехник нэхъыщхьэу ягъэув 1979 гъэм. Дауи, Хьэмидбий и пщэ къыдэхуа къалэныр жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ Iуэхут. Хозяйствэм иIэт Iэщышхуэу 2500-рэ, жэм къыщаш фермэу 5, мэлу мини 4, шыуэ 350-рэ, абыхэм нэмыщIкIэ бабыщи джэди ягъэхъурт. А псор зэуIуу, шэщIауэ лажьэу зэтебухуэн, зепхьэн папщIэ сыт хуэдиз лъэкIыныгъэ уиIэн, сыт хуэдиз зэман тебгъэкIуэдэн хуейт?!

Колхозыр, совхозыр зэлэжьхэм тыншу зыри хэткъым. Ауэ Iэщ гъэхъуным нэхърэ нэхъ гугъу абыхэм яхэту фIэщщIыгъуейщ. Ар щIыжытIэращи, илъэс 13-кIэ Къызбрун колхозым и зоотехник нэхъыщхьэу лэжьащ Хьэмидбий. Лэжьащ и акъыли, и щIэныгъи, и зэмани емыблэжу, къыбгъурытхэри унафэщIхэри къыхуэарэзыуэ. Арыншамэ, апхуэдиз зэманкIэ ирагъэIыгъынт апхуэдэ къулыкъу. Абы иужькIэ «къуажэ Советым и тхьэмадэу зы пIалъэ гуэркIэ тхуэлажьэ» жари ищхьэмкIэ къыщыIэхэр къелъэIури, езым фIэмыфIыщэу, а IэнатIэр зы илъэскIэ зэрихьащ.

... Я къуажэм и мызакъуэу, къэралым щекIуэкI Iуэхухэм, дунейм щыхъыбархэм тепсэлъыхьу, нэжэгужэу зэхэст а пщыхьэщхьэм къызэхуашэса колхозхэтхэр. И нэхъыбапIэм ящIэртэкъым Дыгулыбгъуей къуажэм дэт хозяйствэм и тхьэмадэм, КIуэкIуэ Николай, ахэр щIызэхуишэсам и пэжыпIэр. Къызэхуэсахэм зы закъуэт пIейтейуэ, «дауэ иухыну пIэрэ зэIущIэр» игукIэ жиIэу яхэтыр - зоотехник нэхъыщхьэ БжыкIший Хьэмидбийт. Ар иригузавэрт и шынэхъыжь Хьэчим ныщхьэбэрей Iуэхур къызэрыщыхъунуми - къыхуигъэдэхэну, «мы узыхыхьар сыт» жиIэу къехъурджэуэну? Куэд дэмыкIыу КIуэкIуэ Николай утыкум къохьэри, къажреIэ: «Нобэр къыздэсым хъарзынэу дызэдэлэжьащ, сыфхуэарэзыщ, иджы си къулыкъум сытокI, нэгъуэщI IэнатIэ сокIуэ, фыарэзымэ, къыздэфIыгъмэ, си пIэкIэ Хьэмидбий къэзгъэнэнут». Абдежым къызэхуэсахэм ящыщ зы-тIум къызэпхагъэIукIащ «укъэнамэ ддэнут, ауэ уIукIыну щыжыпIэкIэ БжыкIшийр колхоз унафэщI, шупашэ зэрытхуэхъунум шэч къытетхьэркъым». Псом хуэмыдэу ар Iыхьэлейуэ зи гуапэ хъуар илъэс Iэджэ щIауэ Хьэмидбий зыдэлажьэ, фIыуэ къэзыцIыху IэщыхъуэхэрТ. Абыхэм фIыуэ ящIэрт я зоотехникым и шыфэлIыфэр зыхуэдэр, абы и цIыхугъэр, и адыгагъэр здынэсыр, лей къазэрытримыгъэхьэнур. Арати, къызэхуэсахэм зэдэарэзыуэ Хьэмидбий хахащ колхоз тхьэмадэу.

- ГъащIэм зыгуэр къыщызэхъулIауэ щытмэ, си адэм иужькIэ сэбэп къысхуэхъуар, ипэкIэ сызыгъэкIуэтар КIуэкIуэ Николайщ, - жеIэ Хьэмидбий. - Акъылышхуэ зиIэ къызэгъэпэщакIуэт, унафэщI Iэзэт. ИкъукIэ лэжьыгъэшхуи зэфIигъэкIащ. ДымыщIэр къыдгуригъаIуэу, чэнджэщ щхьэпэ къыдихьэлIэу диIа колхоз тхьэмадэщ. Си щхьэкIэ сыхуэарэзыщ, фIы куэд сигу къыхуинащ.

БжыкIшийр хозяйствэ унафэщIу щыхаха зэманыр ирихьэлIащ къэралышхуэр щыкъутэжа илъэсхэм. ИкъукIэ гугъут зэбгрымылъэлъыжу колхозыр зэтепIыгъэну. Къэралым закъыщIигъэкъуэжыртэкъым щIагъуэу - я гъавэр, адрей ерыскъыпхъэхэр пудут зэрыIахыр, абы щыгъуэми гъэсыныпхъэр, техникэр, щIыгъэпшэрхэр лъапIей хъуат. Дауэ щытми, БжыкIшийм илъэсибгъукIэ зэрихьащ а IэнатIэ гугъур. Уеблэмэ а зэманым кърикубыдэу хузэфIэкIащ ухуэныгъэ зыкъом я жылэм щригъэкIуэкIын: жэму 600, шкIэуэ 400 зыщIэхуэн бо, я кIуэцIхэр асфальткIэ къищIыкIауэ; котельнэ, гъавэ хъумапIэ, Iусыпхъэ щагъэхьэзыр цех, силос мащэхэр.

2002 гъэм абы къыхуагъэлъэгъуащ нэгъуэщI IэнатIэ: мэкъумэш Iуэхумкiэ Бахъсэн район администрацэм и управленэм и унафэщIу - Iэтащхьэм и япэ къуэдзэу ягъэкIуащ. ИужькIэ а къулыкъу дыдэр абы щиIыгъащ Бахъсэн къалэм.

И IуэхущIафэхэм къыпэкIуэу БжыкIшийм кърата щIыхь тхылъхэр куэд мэхъу, къимыдэкIэ абы къыфIащащ «Мэкъумэш хозяйствэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэр.

Хьэмидбийрэ и абы щхьэгъусэ Маерэ зэдагъуэтащ бынищ: Зухра, Заурбэч, Азэмэт. Псори унагъуэщ, IэнатIэ пэрытхэщ. Я пхъур сабий дохутырщ, щIалэ нэхъыжьыр Iэщ дохутырщ, нэхъыщIэр Бахъсэн къалэ администрацэм щолажьэ.

Хьэмидбий, дауи, нобэ и гурыфIыгъуэ нэхъыщхьэр, къару къезытыр, и дунейр нэху къыщызыщIыр и щIэблэрщ - и бынхэм къащIэхъуэжахэрщ:

- Нэхъ махуэшхуэ дыдэу сиIэр ахэр къыщызэхуэсыжырщ - къакъэ пщIыпщIу, дуней гуфIэгъуэр яIэу, зэрызехьэу пщIантIэр къызэхажыхьу, хадэм илъадэрэ пхъэщхьэмыщхьэ къыпачу - абыхэм уахэплъэну, я гуфIэ макъ зэхэпхыну, гукъыдэж зэрагъуэтыр плъагъуну сыт и уасэ! Мыхэракъэ иджыри къэс гугъу зыщIезгъэхьари сыщIэпсэуари жыпIэу апхуэдэщ.

Иджыблагъэ зи ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъуа, уи щхьэр лъагэу щIэплъагъуж хъун лэжьыгъэ гъуэгуанэ къызэпызыча Хьэмидбий дохъуэхъу и щIэблэм я дахэм, я фIым, я ехъулIэныгъэм щыгуфIыкIыу, дамэ къытригъакIэу, и узыншагъэр мыкIуэщIу куэдрэ ящхьэщытыну.

САУТ СулътIан.

ТхьэрыIуэм хуэпэжт

● Фэеплъ

«Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъу пэжу илъэс куэд лъандэрэ къекIуэкIхэм, хэкупсэ нэсу зи дунейр зыхьхэм ящыщщ газетым и щIэджыкIакIуэ набдзэгубдзаплъэ, тхыгъэ хьэлэмэтхэр зи къалэмыпэм къыпыкI IЭЩНОКЪУЭ Олег. Нобэ фи пащхьэ идолъхьэ абы и тхыгъэщIэ. Ар теухуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, бгъэдэлъ зэфIэкI лъагэхэмкIэ ди республикэм щыцIэрыIуэу щыта дохутыр Iэщнокъуэ Аслъэнбий Хьэсэн и къуэм (1935 - 2004).

«ШЫНЭХЪЫЖЬУ къэслъытэу, чэнджэщэгъу Iущрэ унэтIакIуэ Iэзэу сыт щыгъуи сиIэу щытащ Iэщнокъуэ Аслъэнбий. ЦIыху пэжым, IэщIагъэлI нэсым, дохутырыфIым хэлъыпхъэ хьэлхэр псори къанэ щымыIэу абы и деж щызэхуэхьэса къыпфIэщIырт, ущепсалъэкIэ. ГъащIэ кIыхь хъуну къызыхуиухахэм яхэмытами, ар ящыщащ Гиппократ и тхьэрыIуэм хуэпэжахэм, сымаджэм гууз-лыуз хуиIэу бгъэдэтахэм, лэжьыгъэм щIэ гуэр хилъхьэну дапщэщи хущIэкъуахэм. Псэужамэ, нобэ, мэлыжьыхьым и 18-м, абы и ныбжьыр илъэс 90 ирикъунут...

Лэскэн районым хыхьэ ди Хьэтуей адыгэ къуажэжьым къыщалъхуащ Аслъэнбий. Абы и адэ-анэ Хьэсэнрэ ФатIимэтрэ пщIэрэ нэмысрэ яхуэзымыщI ди жылэшхуэм дэмысами ярейт. А нэхъыжьыфIхэм яхэлъа щэныфIхэм я нэхъыщхьэт псэ къабзагъэр, пэжыгъэр, зэпIэзэрытыныгъэмрэ жэуаплыныгъэмрэ. Апхуэдэ фIыгъуэхэм щIапIыкIат я щIалэри. Къуажэм дэт курыт школыр фIы дыдэу къиухри, Аслъэнбий щIэтIысхьауэ щытащ Мэхъэчкъалэ дэт къэрал медицинэ институтым. Зэрихабзэу, щIалэщIэм еджэныр хъарзынэу зэфIигъэкIащ икIи IэщIагъэлI зэрыхъуам щыхьэт техъуэ дипломыр и Iэрылъхьэу ди республикэм къигъэзэжащ.

ЯпэщIыкIэ Iэщнокъуэр ягъэуващ Зеикъуэ къуажэм дэт сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэу. Абы зэрыщыIа илъэсхэм кърикубыдэу Аслъэнбий лэжьыгъэр куэдкIэ иригъэфIэкIуащ, и нэIэм щIэту лажьэхэм ябгъэдэлъ щIэныгъэмрэ Iэзагъымрэ зэрыхагъэхъуэным дапщэщи гулъытэ хэха хуищIу. «Зэманыр макIуэ, шэ икIауэ, - жиIэрт абы. - Абы щIыгъуу зауэж икIи захъуэж дунейр, гъащIэр зэрызэхэлъ унэтIыныгъэ псоми. Псом хуэмыдэжу зэхъуэкIыныгъэфIхэр къыхохьэ медицинэ IэнатIэм. Абыхэм Iэмал имыIэу зыщагъэгъуэзэн хуейщ абы пэрыт дэтхэнэми». Аслъэнбий езыри апхуэдэт. Сыт щыгъуи къэхутэныгъэзэмылIэужьыгъуэхэм хэтт, и щIэныгъэм хигъэхъуэну щIэхъуэпсырт.

Апхуэдэ мурадыр и гъуэгугъэлъагъуэу, 1962 гъэм Iэщнокъуэ Аслъэнбий лэжьакIуэ кIуащ академик Павловым и цIэр зэрихьэу Ленинград (иджы Санкт-Петербург) дэт езанэ медицинэ институтым и ординатурэм. ИужькIэ щIэтIысхьащ Дохутырхэм я щIэныгъэм щыхахъуэ Ленинград къэрал институтым и аспирантурэм. ТхьэкIумэм, тэмакъым, пэм епха узыфэхэр нэхъ кууэ иджыну мурад зыщIа щIалэм иригъэкIуэкI къэхутэныгъэхэм ящыщ куэд абы щрегъэкIуэкI. А псори Аслъэнбий щызэхуихьэсыжауэ щытащ блэкIа лIэщIыгъуэм и 60 гъэхэм я кум ирихьэлIэу утыку ирихьа и щIэныгъэ лэжьыгъэ купщIафIэм. Ар ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIри, Iэщнокъуэм къыфIащащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат цIэ лъагэр.

Зи щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ хэзыгъэхъуа IэщIагъэлI щIалэм куэд дэмыкIыу республикэм къигъэзэжащ икIи и лэжьыгъэм щыпищащ Республикэ клиникэ сымаджэщым. АдэкIэ абы и гъащIэри и лэжьыгъэри епхауэ щытащ а IуэхущIапIэм. Сымаджэщым и ЛОР къудамэм и унафэщIу щыту, Аслъэнбий зэфIэкI куэд ирихьэлIащ и нэIэм щIэт IэнатIэм щызэфIах Iуэхухэр гъэтэмэмыным. Лэжьыгъэр фIыуэ зылъагъу, гугъуехьхэмрэ лъэпощхьэпохэмрэ къапимыкIуэт унэтIакIуэм и фIыгъэ куэд хэлъщ а лъэхъэнэм къудамэм игъуэта зыужьыныгъэм. Абы кърихьалIэрт IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр, ипэкIэ ди щIыналъэм щамыщIа операцэ къызэрымыкIуэхэр, гугъухэр, зэхэлъхэр ищIырт, аспирант щIалэгъуалэр и гъусэу. УнафэщIым и набдзэгубдзаплъагъэр, жанагъэр, жэуаплыныгъэ хэлъу дэтхэнэ сымаджэми зэрелIалIэр щапхъэ яхуэхъурт игъэлажьэ гупым хэт дэтхэнэми. «Сэ сыту сыдохутырыфI, мыр схуэщIэ, мыдрейми сыносыф жывмыIэ - апхуэдэу къыфхужреIэ сымаджэм», - иущийрт абы и лэжьэгъухэр, IэнатIэм пэрыувагъащIэ IэщIагъэлIхэр.

Апхуэдэущ Iэщнокъуэр ноби я гум къызэринар абы къыдэлэжьахэм. Абыхэм зэрыжаIэмкIэ, я насып къикIауэ къалъытэ Аслъэнбий хуэдэ егъэджакIуэ, унэтIакIуэ, чэнджэщэгъу гъащIэм зэрыщрихьэлIамкIэ. Iэщнокъуэм зыхуиущияхэр, кърита чэнджэщхэмрэ къажриIа псалъэ пэжхэмрэ уасэ зимыIэ хъугъуэфIыгъуэу къалъытэ иджыри. Сымаджэр сыт хуэдэу хьэлъэу щытми, Iэщнокъуэм зэ еплъыгъуэкIэ къихутэфырт узыр здынэсамрэ абы цIыхур къыIэщIэхынымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэмрэ, пIейтеигъэ лъэпкъ хэмылъу. Апхуэдэ зэпIэзэрытыныгъэ яхэлъыным къыхуриджэрт и нэIэм щIэтхэри.

Лэжьыгъэ IэнатIэм апхуэдизу гурэ псэкIэ бгъэдэт IэщIагъэлIым зы махуи зэпигъэуакъым и щIэныгъэм хэгъэхъуэныр, и зэфIэкIхэм адэкIи зегъэужьыныр. Илъэс куэдкIэ ар щылэжьащ КъБКъУ-м и медицинэ факультетым, езым фIы дыдэу зыхищIыкI IэщIагъэм и щэхухэр студентхэм къахузэIуихыу. Зы щIэблэкъым абы дохутыр IэщIагъэм хуригъэджар.

- Iэщнокъуэ Аслъэнбий дохутыру лэжьэным къыхуигъэщIауэ къэтлъытэрт, апхуэдизкIэ ар и IэщIагъэм хуэпэжт, сымаджэхэм яхуэнабдзэгубдзаплъэт. КъызэрымыкIуэт абы и Iуэху зехьэкIэр, зэфIэкIрэ жанагъыу бгъэдэлъыр, - жиIэрт Республикэ клиникэ сымаджэщым а зэманым и дохутыр нэхъыщхьэу щыта Жыгун Аскэр. - Аслъэнбий и гъащIэм увыпIэшхуэ щаубыдащ и щIыбагъ къыдэта унагъуэм. Абы и IэщIагъэмкIэ зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэр, здынэса лъагапIэхэр гъуэгугъэлъагъуэ яхуэхъуащ и бынхэм. И хъыджэбзхэу Маринэрэ Иринэрэ и щIалэ Ахьмэдрэ дохутыр Iэзэ хъуакIэщ, я адэм и Iуэхум пащэ.

Унагъуэм я нэгу игъащIэкIи щIэкIынукъым 2024 гъэм и накъыгъэм и 15-м къатепсыхауэ щыта гуауэшхуэр...

- ЦIыхум и сыныр псэу щIыкIэ егъэувыж, жаIэ. Апхуэдэт ди адэр. Хэлъа хьэл-щэн екIухэмкIэ, и IэщIагъэмкIэ бгъэдэлъа щIэныгъэ куумрэ IэзагъымкIэ, сымаджэм хуиIа гущIэгъумкIэ ар цIыху куэдым я гум къинащ, - я адэм топсэлъыхь бынхэр. – Илъэс дапщэ блэкIа а гузэвэгъуэр къызэрыхъурэ, итIани ди гум зы махуи ихуркъым, дапщэщи дыхуэныкъуэщ гу зыщIдмыхуа ди папэ...

ЦIыху акъылыфIэу, щIэныгъэлI, къэхутакIуэ икIи IэщIагъэлI Iэзэу, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэу щыта Iэщнокъуэ Аслъэнбий Хьэсэн и къуэм и фэеплъыр яхъумэ абы къыщIэна унагъуэ дахэм исхэм, ар куэдрэ ягу илъынущ зыцIыхуу щытахэм. Шэч лъэпкъ къытезмыхьэу жызоIэ шынэхъыжь пэлъытэу сиIа адыгэлIым и гъащIэр Iэщнокъуэхэ ди лъэпкъым къытщIэхъуэну щIэблэ куэдым щапхъэрэ гъуазэрэ зэрахуэхъунур».

Зыгъэхьэзырар
ЖЫЛАСЭ Маритэщ.

ЩIы нэхъыбэ къагъэсэбэп

«Мэкъумэш щащIэ щIым и нэхъыбэм псыр ешэлIэн» федеральнэ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ дызэрыт илъэсым зэрыщIидзэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым псы зыщIагъэлъадэу иIэ щIым гектар мини 3,42-рэ къыхигъэхъуащ.

ИЩХЬЭIУЭКIЭ къыщыхэдгъэща пэхуэщIэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэр щекIуэкIащ Прохладнэ, Бахъсэн, Лэскэн, Шэджэм, Тэрч щIыналъэхэм икIи абы хыхьэу ягъэуващ уэшх къыщешхым деж хуэдэу хьэсэхэр псыкIэ зыгъэнщI, щIыпIэшхуэхэр зэуэ къызэщIэзыубыдэ машинэхэр, псыр ихъуреягъкIэ зэрызэбграутхыкI спринклерхэр, жыгхэм, хадэхэкIхэм ткIуэпс-ткIуэпсурэ псыр зэрыщIагъэлъадэ системэхэр, нэгъуэщIхэри.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, 2024 гъэм псы зыщIагъэлъадэ щIым гектар мини 5-м щIигъу къыхагъэхъуащ. Гъавэр зытращIэ щIыуэ нобэкIэ республикэм къигъэсэбэп гектар мини 129,8-м щыщу гектар мин 73,5-м псы щIагъэлъадэ, е иIэ псоми и процент 56,6-м. Мурад щыIэщ 2030 гъэм ирихьэлIэу псы зыщIагъэлъадэ хьэсэр гектар мин 85-м нагъэсыну е зэлэжьхэм я процент 65-м.

Абыхэм ехьэлIа лэжьыгъэхэр ноби ирагъэкIуэкI.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

Дунейм щыхъыбархэр

Къэрал лъэщым хуэфащэу

УФ-м и Президент Путин Владимир Бауман Н. и цIэр зезыхьэ Москва дэт къэрал технологие университетым щригъэкIуэкIащ хьэрш унэтIыныгъэм зегъэужьыным теухуа зэIущIэ. Къэралым и УнафэщIым жиIащ зэман гъунэгъум хьэршым хуэгъэпса лъэпкъ проектыщIэ зэрагъэхьэзырынур икIи тепсэлъыхьащ Марсыр къэгъэIурыщIэнымкIэ Урысейм иIэ мурадхэм.

ПУТИН Владимир къыхигъэщащ технологие университетым зэфIэкI лъагэхэр зэриIэр, абы дуней псом щыцIэрыIуэ космонавтхэр, щIэныгъэлIхэр, конструкторхэр зэрыщеджар, хьэрш унэтIыныгъэм и IэщIагъэлI пашэхэр щагъэхьэзыр «кIыщ» нэхъыщхьэу ар зэрыщытыр.

«Мыхьэнэшхуэ зэтт унэтIыныгъэм щызыхуэдгъэувыжа мурадхэр тхыдэ къулей зиIэ, хьэршым щыпэрыт къэрал лъэщым хуэфащэу щытыпхъэщ. Космонавтикэр лъэпкъ зыужьыныгъэм лъабжьэ хуэхъу къару нэхъыщхьэхэм ящыщ зы хъун хуейщ, - къыхигъэщащ Урысейм и УнафэщIым. - ПроектыщIэм къызэщIиубыдэнущ унэтIыныгъэ нэхъыщхьэ псори - спутникхэм деж щегъэжьауэ хьэршым и плIанэпэ нэхъ жыжьэ дыдэр джыным и деж щиухыжу. Лъэпкъ проектым зэхэхауэ щыубзыхуауэ щытын хуейщ зэман гъунэгъум, апхуэдэуи пIалъэ кIыхькIэ хьэрш программэм и мурадхэр. Абы иджыпсту Iэмал къыдитынущ щIэныгъэм, егъэджэныгъэ IэнатIэм къалэн пыухыкIахэр щыдгъэувыну, IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыным гулъытэ нэхъыбэ еттыну».

Я къару псори ирахьэлIэ

Урысейм и щIыналъэщIэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным къаруушхуэ ирахьэлIэ. А Iуэхур зэгъусэу ягъэзащIэ къэрал пщэрылъ зрата IуэхущIапIэхэмрэ щIыналъэщIэхэр зи нэIэ щIэт хэгъэгухэмрэ. Абыхэм щызэрагъэпэщыж гъуэгухэр, ЖКХ-м и IэнатIэхэр, социальнэ IуэхущIапIэхэр.

УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хуснуллин Марат зэрыжиIамкIэ, Донецк ЦIыхубэ Республикэм хыхьэ Торез къалэм мы зэманым лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкI, мы илъэсым абы зыхуей щыхуагъэзэжынущ ухуэныгъэ 12.

«Торез къалэр и зы щапхъэщ щIыналъэщIэхэм хуащI гулъытэр зыхуэдэм, ахэр къэгъэщIэрэщIэжыным къэралым мыхьэнэшхуэ зэрыритым, - жиIащ вице-премьерым. - Абыхэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэр хуэунэтIащ зэрыхъукIэ нэхъ псынщIэу а щIыналъэхэм я цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, гъащIэ зэIузэпэщ яIэнымкIэ щытыкIэ псори къахузэгъэпэщыным. «Единый заказчик» IуэхущIапIэм зэригъэпэщыжынущ къалэм дэт медколледжымрэ абы и студент общежитымрэ. ЩIыналъэр зи нэIэ щIэт Приморье крайм курыт школ №24-р, псы зэрыкIуэ бжьамийуэ километри 7-м щIигъу, къалэм и уэрам зыбжанэрэ лъэс зекIуапIэхэмрэ зыхуей хуигъэзэжынущ».

Апхуэдэ лэжьыгъэхэр щIыналъэ псоми щрагъэкIуэкI, къэралым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ абыхэм щыпсэухэм урысей цIыхухэм зэIузэпэщыгъэ псори яIэу я гъащIэр зэтраублэжынымкIэ.

НОБЭ

- **Фэеплъхэмрэ тхыдэ мыхьэнэ зиIэ щIыпIэхэмрэ я дунейпсо махуэщ**
- **Радиор фIыуэ зылъагъухэм, ар зэпкърылъхьэным дихьэххэм я дунейпсо махуэщ**
- **1970 гъэм** Балэ Мухьэдинрэ Къардэн Хьэсэнрэ «Мадинэ» япэ адыгэ оперэр ягъэуващ.
- **1953 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Балъкъэр Руслан**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 18, жэщым градуси 7 - 10 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

● ФIыщIэ

IэщIагъэм иримыгъэзэш дохутыр

Налшык дэт поликлиникэ №1-м илъэс куэд щIауэ щолажьэ эндокринолог КIуащ Майе Михаил и пхъур. Иджыблагъэ къытIэрыхьащ а дохутырым хуэгъэза фIыщIэ псалъэ.

СИРИЕМ къиIэпхъукIыжа Марзэ Надим Майе дилъэгъуа гуапагъэмрэ и IэщIагъэм кууэ зэрыхищIыкIымрэ папщIэ фIыщIэшхуэ хуищIу, мы псалъэхэмкIэ газетым зыщыхуегъазэ: «Ди шыпхъу лъапIэу Майе-гуащэ! Адыгэ лъэпкъым урибын пэжщ. Уэр хуэдэ бзылъхугъэщ унагъуэми лъэпкъми я пщIэр зыIэтыр. ЩIэныгъэ убгъэдэлъу, Iущыгъэ уиIэу, цIыхугъэ пхэлъу цIыхухэм уоIэзэ. Сэ щыхьэт сохъу уи IэщIагъэм укъызэрыхуигъэщIамкIэ. ЦIыху сымаджэу къыпхуэкIуэм уи къарум уемыблэу уогугъу, уи фIагъ ибогъэкI. Тхьэм игъэлъэпIа цIыхум плъэкI кIымыгъанэу ущIэкIэ, гуапагъэр фIыщIэ псалъэри пхуэфащэщ. Сэ

Сирием сыкъиIэпхъукIыжри, Хэкум сыкъэкIуэжащ. Сысымаджэу поликлиникэм сынэщыкIуэм, плъэкI къыумыгъанэу укъызэIэзащ, уи фIыгъэшхуэ къызэбгъэкIащ, нобэр къыздэсми укъыскIэлъоплъ. УзэрыцIыхуфIри адыгагъэ зэрыпхэлъри къыщызгурыIуар абдежырщ.

Сэ схуэдэу цIыху куэдым къабгъэдэкIуэ уэ птеухуа щытхъу. УцIыху пэжщ, уи гур хуабэщ, ди Майе дахэу Сэтэней гуащэм хуэзгъадэ. Уи щIыхьыр уи IэкIэ къэблэжьыжащ, ди Тхьэшхуэм фIыуэ илъагъур цIыхухэм я гуныкъуэгъуэ ящхьэщызыххэращи, уэ апхуэдэхэм уращапхъэщ. Ди лъэпкъым уэр хуэдэ куэд Алыхьым кърит. ГъащIэ дахэрэ насып куурэ уиIэну гурэ псэкIэ сынохъуэхъу».

Тхыгъэм зи цIэ къыщраIуэ КIуащ Майе зэрыдохутыр Iэзэм икIи зэрыбзылъхугъэ Iэщабэ-Iущабэм щыхьэт тохъуэ Налшык щыщ Къэрэгъул Iэминат: «Майе гущIэгъу зыхэлъ дохутыр закъуэтIакъуэхэм язщ. Убгъэдыхьа нэужь, и зэманым щымысхьу, узэригъэхъужыным иужь итщ, тэмакъкIыхьщ, Iуэхур Iэпэдэгъэлэл зымыщIщ. Апхуэдизкiэ уи гум дыхьэу къопсалъэри, псалъэ къудейкIэ уегъэхъуж зыхужаIэхэм хуэдэщ. Узыншэу Тхьэм илъэс куэдкIэ игъэпсэуэ, сыбгъэдыхьэу арзэу сыкъыщIащ».

● Ухуэныгъэ

ШэсыпIэхэр

2024 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым капитальнэ ухуэныгъэ лэжьыгъэхэм сом меларди 5,7-рэ щытрагъэкIуэдащ. Абы щыщу сом меларди 5,4-р къэрал бюджетым, мелуан 350,6-р республикэ бюджетхэм къыхэкIащ. Ар щыжаIащ КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм.

«КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и инфраструктурэм зегъэужьыным ехьэлIауэ едгъэкIуэкI лэжьыгъэхэм хыхьэу нэхъапэкIэ кърагъэжьа ухуэныгъэхэр и кIэм нэдгъэсыным яужь дитщ, республикэм и зыужьыныгъэм шэсыпIэ хуэхъуну объектыщIэхэми дыпэрыхьэнущ», - жиIащ КъБР-м ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкIэ и министрым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Журавлев Андрей.

Илъэс блэкIам ди щIыналъэм щатащ егъэджэныгъэм пыщIа ухуэныгъэу 7. Ахэр Налшык, Бахъсэн, Шэджэм, Май къалэхэм, Красносельскэ, Псынабэ, Александровскэ жылэхэм я курыт еджапIэщIэхэрщ. Псоми зэхэту еджакIуэ тIысыпIэу 4704-рэ яIэщ абыхэм.

Спорт ухуэныгъэу 5 нэгъабэ ятащ, цIыху 320-м зэуэ зыщагъасэ хъууэ.

Ахэр Налшык къалэм дащIыхьа, иджырей пятиборьемкIэ спорт комплексымрэ мыл IэрыщI зэрылъ уардэунэмрэщ. Щхьэлыкъуэ и спорт комплексымрэ топджэгу губгъуэмрэщ, Iуащхьэмахуэ жылэм и спорткомплекс цIыкIурщ.

Шэджэм щIыналъэм хыхьэ Звезднэ къуажэм щаухуащ иджырей амбулаторэ, цIыху 30-м зэуэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр щыхуащIэу. Апхуэдэуи Iуащхьэмахуэ жылэм Щэнхабзэмкiэ унэ къыщызэIуахащ, тIысыпIэу 300 иIэу.

А лэжьыгъэхэм къадэкIуэу ухуакIуэхэр яужь итщ нэхъапэкIэ кърагъажьэу къагъэувыIэн хуей хъуа ухуэныгъэхэр и кIэм зэрынагъэсыжыным. ЖыпIэнурамэ, 2024 гъэм и щIышылэм хуэзэу апхуэдэ ухуэныгъэхэр 192-рэ хъууэ щытащ. 2025 гъэм и пэщIэдзэм ирихьэлIэу и кIэм нэгъэсын хуей ухуэныгъэу 173-рэ къахуэнащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Лъахъшэу тIысыну хуейкъым, лъагэу тIысыпIэ игъуэтыркъым.

ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 ирокъу

Хэкум и къыщхьэщыжакIуэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэ нэхъыжьхэм икIи нэхъ инхэм ящыщщ Аруан щIыналъэм хыхьэ Къэхъуныр. Статистикэ IэнатIэм нэгъабэ къита бжыгъэхэм ятепщIыхьмэ, абы мы зэманым щопсэу цIыху мини 7,8-м щIигъу. Iумахуэщ а жылэр икIи лIыгъэ зыхэлъщ и цIыхухэр. Къэхъуным и цIэр фIыкIэ щигъэIуащ Къэбэрдей-Балъкъэрми къэралми. Хэку зауэшхуэм и илъэсхэри щыхьэт техъуащ къуажэдэсхэр къыщхьэщыжакIуэ нэсу зэрыщытым.

1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м къэхъея зауэм, адрейхэми хуэдэу, гуIэгъуэ куэд къахуихьащ къэхъундэсхэм. Ахэр зылI и быну бий хьэщхьэрыIуэм пэщIэуващ икIи хэти фронтым, хэти тылым я пси, я къаруи щемыблэжу текIуэныгъэр къагъэблэгъащ. ЖыпIэну ирикъунщ Хэкур яхъумэжыну зауэм дэкIа цIыху 350-м щIигъум ящыщу 218-м къызэрамыгъэзэжар.

ЛIыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэу бийр зэтракъутащ Къэхъун дэкIа куэдым. Уэрэдхэр хуаусат, усэхэр хузэхалъхьат фашисти 125-рэ зэтезыукIа снайпер Iэзэ Жамборэ Щэуал. Абы Зауэ Бэракъ Плъыжь ордену тIу къыхуагъэфэщат. Берычэт Сэрэбий и бгъэм хэлът Хэку зауэ орденым и II нагъыщэр, ЩIыхь орденым и III нагъыщэр, зауэм къыщихьа медалитхур. Вагъуэ Плъыжь орденымрэ медалиплIрэ кърататт тIасхъэщIэх хахуэ КIэш Хьэту. Къарэ Мусэ, Семэн НэIиб, Шыбзыхъуэхэ Гъумар, Хьэсэн, Чэлимэт, ШащIэ Мухьэжыр, Къардэн Iэдил, НэщIэпыджэ Атхьэм, Абазэ Хъусен, Бэрэздж Адил, Жыласэ Хьэжджэрий, Борий Жантемыр, Тэхъу Мухьэмэд, Джатокъуэ Хьэжмурид, Жэмыхъуэ Илэ, Такъ Аскэрхъан, Понэж МэчрэIил сымэ, нэгъуэщIхэми я лIыгъэм орденхэмрэ медалхэмрэ къыпэкIуат.

Зауэ къыщыхъукIэ цIыху куэд хокIуадэ, ар узыфIэмыкIыфын Iуэхугъуэщ. Ауэ гуIэгъуэр тIуащIэ-щащIэ мэхъу зэкъуэш зыбжанэм абы я щхьэр щыхалъхьэм и деж. Апхуэдэу Хэку зауэшхуэм я псэр щатащ я къару илъыгъуэрэ я дахэгъуэу Жамборэ Хьэмид и къуиплIым - Джэху, Тобий, Мухьэмэд, Къэралбий. Я къуэ щырыщ яфIэкIуэдащ Къандэхъу ЦIыкIурэ, Хьэхъупащ1э ТIутI, Шыбзыхъуэ Батокъуэ сымэ я унагъуэхэм. Абыхэми, адрей къэзымыгъэзэжа псоми я цIэ-унэцIэхэр тету ТекIуэныгъэ Иныр къызэрахьрэ илъэс 50 щрикъум ирихьэлIэу Къэхъун фэеплъ щагъэуващ.

Къуажэм къыдэна лIыжьфызыжьхэр, цIыхубзхэр, ныбжьыщIэхэр жэщ-махуэ жамыIэу губгъуэм итт, фронтым Iутхэр ерыскъыкIэ къызэрагъэпэщу. 1941 гъэм Къэхъуным гъавэ бэв къыщагъэкIащ икIи хэкIуэдыкIыншэу къэрахьэлIэжри, къэралым и гуэным иракIутащ. КъищынэмыщIауэ, къэхъундэс куэд Къэрэгъэш и деж щIытIым щыIащ. Къуажэ Советым и тхьэмадэ Тхьэзэплъ Елдар и унафэщIу Къэхъун икIа бригадэм хэтхэм фашист танкхэр къызэтезыгъэувыIэ кIэнауэхэр метриплI и бгъуагъыу метрищ и кууагъыу, ди зауэлIхэм папщIэ окопэхэр, дотхэр, дзотхэр Джылахъстэнейм щаухуащ. ГуащIэдэкI лэжьыгъэм щыпэрытхэт Мамыхъу Къэралхъан, Нэзэр Лацэ, Берычэт Баблинэ, НэщIэпыджэ ФатIимэт, Тхьэгъэлэдж Таун сымэ, нэгъуэщIхэри. Нэхъыбэу щылажьэр жэщрат, сыту жыпIэмэ, махуэм нэмыцэ кхъухьлъатэхэм лагъымхэр къыхадзэрт, топкIэ къахэуэрт.

Зауэм и пэщIэдзэм Къэхъун жырт гупышхуэ къэкIуащ, ебгъэрыкIуэ зэпыт фашистыдзэм зыщахъумэу. Абыхэми, иужькIэ нэгъуэщI щIыпIэхэм къикIа куэдми дэIэпыкъуныгъэ, псэупIэ, щыгъын, ерыскъы, лэжьыгъэ жылэм щагъуэтащ.

Бийр гъунэгъу къыщыхъум, колхоз Iэщым я нэхъыбэр къуршым зэпрахури, Куржым (Грузием) щагъэпщкIуащ. Къуажэ администрацэм и дэфтэрхэр зэуIу ящIри щIатIащ.

Ди щIыпIэм къыщызэрагъэпэщ 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шу дивизэм къэхъундэсхэр мылъкукIи, шыкIи, цIыхукIи жыджэру хэтащ. Абы щыщ дзэхэм зыщагъэсащ Къэхъун къуажэм. 115-нэ шуудзэм хэту лIыгъэ зэрахьэу Хэкур яхъумащ Къардэн Хьэмзэт, Къэмбэчокъуэ Алий, Езий Кушыку, Берычэт Нурхьэлий, Лъэпщокъуэ Мухьэмэд, Джатокъуэ Хьэжкъасым сымэ.

Нэмыцэхэр къуажэм дахужа иужькIэ къэхъундэсхэр аргуэру фронтым телажьэ хъуащ. Абыхэм даIыгъащ Тамбов колхозхэтхэм я жэрдэмыр икIи «Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм - ажал!» зыфIаща танк колоннэм мылъкушхуэ халъхьащ. Жыджэру абыхэм заемым Iэ традзащ, фронтым щыгъын хуабэхэр, ерыскъыхэкIхэр ирагъэшащ. Псоми къагурыIуэрт ахэр текIуэныгъэм хуащI хэлъхьэныгъэу зэрыщытыр, ди зауэлIхэм яIэрыхьэ дэтхэнэ зы дэIэпыкъуныгъэри бийм шэуэ зэрытехуэр.

Зауэ нэужь лъэхъэнэм Къэхъуным зыдиужьыжащ. ЗэфIэгъэувэжа хъуащ колхозыр, къызэIуахыжащ еджапIэр, амбулаторэр, пощтыр, тыкуэныр, нэгъуэщI IуэхущIапIэхэри. Куэд дэмыкIыу къэхъундэсхэм я цIэ республикэми къэралми щыIуащ. Арщхьэкlэ абыхэм я ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэхэр щаIар щIыпIэ хозяйствэр Жамборэ МуIэед и унафэм щыщIэта блыщI гъэхэращ. Къапщтэмэ, 1970 гъэм екIуэкIа союзпсо зэхьэзэхуэм «Къэхъун» Iэщгъашхэ совхозым етIуанэ увыпIэр къыщихьащ. Илъэс дэкIри, Урысей Федерацэм пашэныгъэр щиубыдащ. 1973 гъэм аргуэру ехъулIэныгъэшхуэ къэхъундэсхэм яIащ, урысейпсо зэхьэзэхуэм етIуанэ увыпIэр къыщахьри. Абыхэм къапэкIуэу Жамборэ МуIэед Октябрь Револющэ, ГуащIэдэкI Бэракъ Плъыжь орденхэр къыхуагъэфэщащ икIи «Къэхъун» совхозым РСФСР-м и Министрхэм я Советымрэ профсоюзхэм я ЦК-мрэ я Бэракъ плъыжь зэIэпахыр 1972, 1973 гъэхэм кърататащ.

АбыкIи къызэтеувыIакъым къэхъундэсхэр. 1974 гъэм яIа ехъулIэныгъэфIхэм Iэмал къатащ Совет Союзым щекIуэкIа зэхьэзэхуэм щытекIуэу КПСС-м и ЦК-м, СССР-м и Министрхэм я Советым, ВЦСПС-м, ВЛКСМ-м я Бэракъ плъыжь зэIэпахыр зыIэрагъэхьэну. Ебгъуанэ илъэситхум кърикIуахэр къапщытэжа иужькIэ, «Къэхъун» совхозым къэралым и фэеплъ дамыгъэрэ Бэракъ Плъыжь зэIэпахрэ кърэтри, СССР-м и ВДНХ-м и Союзпсо щIыхь пхъэбгъум иратхащ.

А лъэхъэнэм къыдэкIуащ къэхъундэсхэм я зэIузэпэщыгъэри. Ар зыкъомкIэ и фIыгъэщ уней лъапсэхэм помидорыр щыгъэкIыным ехъулIэныгъэфIхэр зэрыщызыIэрагъэхьам. Абы къыпыкI хъерым хэпщIыкIыу иригъэфIэкIуащ къуажэдэсхэм я псэукIэр. КъищынэмыщIауэ, совхозым и хьэкъкIэ Щэнхабзэмкlэ унэ абрагъуэ, щыуэ зэтет школ, сабий сад яухуащ, псырэ газрэ къуажэм къыдашэри, унагъуэ къэс зэбграшыжащ.

Мылъку закъуэкIэкъым къэхъундэсхэр зэрыбейр. Къулейщ ахэр цIыху щэджащэхэмкIи. Я цIэ къипIуэну ирикъунщ цIыхубэ усакIуэ ХьэхъупащIэ Амырхъанрэ абы и къуэ шыкIэпшынауэ Iэзэу щыта Хьэсэнрэ, снайпер цIэрыIуэ Жамборэ Щэуал, зи гуащIэдэкI лэжьыгъэм игъэлъэпIахэу НэщIэпыджэ ФатIимэт, КIэш Гуащэгъагъ, Мамыхъу Къэралхъан, Жамборэ МуIэед, КъардэнгъущI Iэмырбэч, къулыкъу лъагэ яIыгъыу лэжьахэу Шыбзыхъуэ Чэлимэт, Берычэт Хьэжумар, Мэжджыхь Нухь, Къандэхъу Мухьэрбий, Жыласэ Жыраслъэн, Езий Хьэжмурат, дохутыр Iэзэхэу Лъэпщокъуэхэ БетIал, МутIалиб, Хьэжысмел, Жэмыхъуэ Нэсабий, щIэныгъэхэмкIэ докторхэу Къэмбэчокъуэ Iэдэм, Джатокъуэ Олег, уэрэджыIакIуэхэу Къул ФатIимэ, Тхьэгъэлэджхэ Муратрэ Зауррэ, нэгъуэщI куэдми.

Апхуэдэу гъащIэм и лъэныкъуэ куэдкIэ жылэм зыужьыныгъэ нэрылъагъухэр зэригъуэтар, псом япэрауэ, я фIыщIэщ щалъхуа щIыналъэр, къэралышхуэр Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм щхьэмыгъазэу зыхъума хэкупсэхэм. ЦIыхубэ текIуэныгъэшхуэм къихьа фIыгъуэхэр нобэ ягъэбагъуэ къуажэм къыдэхъуэ щIэблэу лIыхъужьхэм я цIэхэр зыгъэлъапIэхэм.

КЪАРДЭН Маритэ.

Адыгэбзэм Берлин къришыжащ

КъБР-м и архив къулыкъущIапIэм и унафэщI Къармэ Руслан игъэхьэзырауэ, «Къэбэрдей хъыбарыжьхэм къахэблыкIхэр» («Блики сказаний Кабарды») тхылъым и 10-нэ Iыхьэм дыщрихьэлIащ нобэ зи гугъу фхуэтщIыну хъыбарым. ЩIэныгъэлIым зэрыжиIэмкIэ, ар утыку къыщрахьар 2000 гъэхэрщ. Зытхыжар 60 гъэхэм Дзэлыкъуэ районым нэхъ пшынауэ Iэзэу исахэм яз Мэкъуауэ (Тау) Лалусэ Мурат и пхъурщ, и анэм жиIэжу зэхихауэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрыр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм щаубыдам щыгъуэ, ахэр адыгэ хъыджэбз гуэрым ехъуэпсат. Пщащэм и дахагъым нэмыцэ сэлэтхэр апхуэдизкIэ итхьэкъуати, Берлин къалэм и комендантым хуашэну мурад ящIащ икIи ар яхузэфIэкIащ. АдэкIэ къакIуэ уэрэдыр хъыджэбзым Берлин щыIэу иусауэ аращ. Мэкъуауэ Лалусэ къызэриIуэтэжамкIэ, совет сэлэтхэр Берлин дыхьа нэужь, хъыджэбзым и уэрэдыр е абы и хъыбарыр зэхэзыхахэм мор адыгэ сэлэтхэм хуагъэзащ, зыубыдам кърагъэутIыпщыжащ, Хэкуми кърагъэшэжащ. Зыри ямыгъэукIытэн папщIэ, пщащэм и цIэр кърaIуэркъым. Гъыбзэр едзыгъуих мэхъу, дэтхэнэ зыри сатыр щырыщу зэхэту:

Си щхьэцыгъуэр согъэлъалъэ,
Си нэпситIыр къелъэлъэхыу,
Комендантым сыныхуашэ мыгъуэт, уей!

Туфлъэ цIыкIур согъэцIу,
ЗэщIэцIууэу Берлин
Сыщыдашэм сышына мыгъуэт, уей!

Мыгъуэ цIыкIум и щхьэр ещIыр.
ГъэщIэгъуэнкъэ, комендантыр
НэмыцэбзэкIэ къызопсалъэ мыгъуэ, уей!

Си IэлъэщIыр щхьэм щопсыпс,
Илъэс минкIэ сыпсэуами
Нэмыцэбзэ сымыщIэну мыгъуэ, уей!

Адэ-анэр бын ущийщ жи,
Нэмыцэжьхэр къызэущиеурэ,
Нэмыцэ унэм сыщоусэ мыгъуэ, уей!

Си щхьэцышхуэр ямылейщ жи,
Ямылейуи сымыдахэт,
Комендантым сыфIэдахэ мыгъуэщ, уей!

ЧЭРИМ Марианнэ.

Зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъхэр

ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьрэ илъэс 80 зэрырикъур щыдгъэлъэпIэну махуэшхуэр къэсыным мазэ иримыкъущ иIэжыр. Къэбэрдей-Балъкъэрым абы жыджэру зыхуегъэхьэзыр.

ЦIЫХУБЭ, лъэпкъ щIэинхэр хъума хъунымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэхэм ящыщщ тхыдэ фэеплъхэр зыхуей хуэзэу зехьэныр. Иджыблагъэ Шэрэдж щIыналъэм иужь щихьащ Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъхэр зэгъэпэщыжынымрэ абыхэм къедзылIа щIыпIэхэр зэIузэпэщ щIынымрэ. Мы районым апхуэдэ фэеплъ 13-рэ хэкIуэдахэр щыщIалъхьэжа щIыпIэу 7-рэ иIэщ.

Зи гугъу тщIы ухуэныгъэхэм ящыщщ Къэщкъэтау къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм деж щыт фэеплъыр. Ар 2015 гъэм, ТекIуэныгъэм и илъэс 70-м ирихьэлIэу, къызэIуахат. Абдеж «МафIэ мыужьыхри» щытщ. Иджыпсту фэеплъым и лъабжьэр нэхъ быдэ ящI, плиткэ кIэралъхьэ.

Къэщкъэтау къуажэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Биногеров Даниял жеIэ: «Фэеплъ махуэхэм дежи гуфIэгъуэхэми къуажэдэсыр зэкIуалIэр къэмылэнджэжу нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм япэщIэта ди адэжьхэм я фэеплъхэрщ. Апхуэдэ щIыпIэхэм гъэсэныгъэ мыхьэнэи яIэщ, къыдэкIуэтей щIэблэр хэкупсэу, я щIыналъэм и тхыдэр ящIэу къэхъуным теухуауэ къалэнышхуэ ягъэзащIэ».

Мэлыжьыхьым и пэм лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым еплъащ Шэрэдж районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Кульбаев Алан. «Зэманым Iуэхугъуэр зэрихъумэ Iэмалу иIэщ тхыдэр. Фэеплъхэм зауэм хэта ди лIыхъужьхэм дыпащIэу жыпIэ хъунущ. Сэ мы фэеплъыр сызэрысабий лъандэрэ сощIэж. Абы и дахагъэм, и бжьыфIагъэм сыкъигъэуIэбжьу щытащ. Арагъэнущ фэеплъхэм я къалэн нэхъыщхьэ дыдэр. Аращ ахэр зыхуей хуэгъэзэным махуэшхуэхэм деж я мызакъуэу, махуэ къэси ди нэIэ ящIытетыпхъэр», - жеIэ Алан.

Тхыдэм къыхэнам и гугъу пщIымэ: 1942 гъэм жэпуэгъуэм и кIэм Къэщкъэтау къуажэм и Iэгъуэблагъэм гузэвэгъуэшхуэ къыщыхъуат - 37-нэ армэм и етIуанэ фочауэ дивизэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтат. ЗауэлI, командир щэ бжыгъэхэр абдеж щыхэкIуэдащ (уеблэмэ нобэр къыздэсым зэрыхъу дыдэр ящIэркъым). Ар къыщIэхъуам, зауэлIхэр зэрыщIалъхьэжа щIыкIэм, абыхэм я цIэ-унэцIэр зэрагъэбелджылыжам тепсэлъыхьыжу Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэм къыщыдагъэкIащ «Имена ушедших - в памяти живых» лэжьыгъэр.

1942 гъэм жэпуэгъуэм и 28 - 31 махуэхэм Къэщкъэтау зыхъума псоми я цIэр къызэщIакъуэжыфакъым, дауи. Абы къыщыхьащ сэлэт 221-рэ командир 48-м я унэцIэхэр. КъызэрагъэлъагъуэмкIэ, абы хэтащ лъэпкъ 17-м я къуэ пажэхэр. Къыргъыз, Узбекистан, Куржы, Украинэ, Азербайджан, Къэзэхъстан, РСФСР... Совет Союзым и щIыналъэхэр ирибдж хъунут, жаIэ. ХэкIуэдахэм яхэтащ Ростов, Саратов, Тамбов, Новосибирск, Москва, Воронеж, Тулэ, Мурманск, Челябинск, Курск, Орлов, Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм, нэгъуэщIхэми щыщхэр.

Мыр Iуэху зыщIа, Къэщкъэтау къуажэм Зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ ЗэщIэузэда Къарухэмрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ я ветеранхэм я советым и унафэщIу илъэс куэдкIэ щыта Уянаев Виктор и фIыщIэкIэ зауэлI 269-м я цIэ-унэцIэхэр уахътыншэ хъуащ. Нэхъ ипэкIэ ахэр щыщIалъхьэжа щIыпIэм щагъэува фэеплъым зы унэцIи тетатэкъым. А унэцIэхэр зыгъэбелджылар езэш имыщIэу щылэжьат УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ министерствэм и Архив Нэхъыщхьэм, епсэлъат Iуэхугъуэр зи нэгу щIэкIа, щыпIэм щыпсэу цIыху пщIы бжыгъэхэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Къэмыланджэт икIи Iущт

Хэку зауэшхуэм псэемыблэжу хэтахэм, зи къалэныр хьэлэлу щызыгъэзэщIахэм, зи цIэ-унэцIэр лъэпкъым и тхыдэм дыщэ хьэрфкIэ къыхэзынахэм ящыщщ Нэхущ Мырзэбэч (БорискIи еджэрт) Мэрем и къуэр.

ХьэтIохъущыкъуей Ипщэ (Зеикъуэ) къуажэм 1923 гъэм къыщалъхуащ ар. И сабиигъуэр екIуэкIащ, гурыхуагъэкIэ хьэблэ сабийхэм къахэлындыкIыу. Нэхущ Мырзэбэчи ящыщт къуажэ еджапIэр ехъулIэныгъэкIэ къэзыухахэм. Школым къыщIагъэкIхэм ятеухуа гуфIэгъуэ пщыхьэщхьэр 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 21 жэщым екIуэкIащ. Хэку зауэшхуэр къыщыхъеяр, зэрытщIэщи, къыкIэлъыкIуэ пщэдджыжьырщ. Зи щIалэгъуэ, зи дахэгъуэ ныбжьыщIэхэр Iэджэм щIэхъуэпсырт. Ауэ абыхэм ящыщ куэдым къапэплъэр зауэ гущIэгъуншэм и гъуэгуанэ хьэлъэрт.

Мэкъуауэгъуэ мазэм къриубыдэу Дзэ Плъыжьым ираджахэм яхэтащ Нэхущ Мырзэбэчи. Ар япэщIыкIэ Мэздэгу деж щыхурагъэджащ бийм и танкхэр зэрыпкъутэфын Iэмалхэм, итIанэ хагъэхьащ Волхов къалэм деж нэмыцэхэм щапэщIэува дзэм. Мырзэбэч зыхэт гупыр щIыпIэ куэдым деж щызэуащ. Езы Нэхущым, IэкIуэлъакIуэу, лIыгъэ хэлъу и къалэнхэр зэригъэзащIэр къыщалъагъум, сержант цIэр къыфIащащ икIи ар цIыху 15-м я унафэщIу ягъэуващ.

Мырзэбэч и нэгу щIэкIащ гугъуехь, хьэзаб куэд. Дзэ Плъыжьыр къикIуэтырт, кIэрыху къызэрымыкIуэхэр иIэу, атIэми IэщэкIэ фIыуэ зэщIэузэда бий бзаджэми хэщIыныгъэ иритырт.

1942 гъэм и гъэмахуэм Нэхущыр зыхэт еплIанэ гвардие фочауэ дивизэр Сталинград деж щекIуэкI зэхэуэ гуащIэхэм хохьэ. Мырзэбэч, езыр сержантми, взводым и унафэщIу ягъэув, Iэзагъи Iущагъи хэлъу унафэ зыхуищI и сэлэтхэр фашистхэм япэщIоувэ, Iэмал зэрагъуэтуи япэкIэ мэкIуатэ...

Нэхущым зэман кIэщIкIэ кърагъэух офицер курсри, лейтенант цIэр къыфIащ. Фронтым егъэзэжри, ротэм и унафэщIу ягъэув. Мыгувэу уIэгъэ мэхъу. Тамбов яшэри, щагъэхъуж. Абы иужькIэ ягъакIуэ Воронеж деж къыщыунэхуа фронтым. 1943 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм къыхохутэ Курск и деж щекIуэкIа зэпэщIэувэныгъэ гуащIэм. Аргуэру уIэгъэ мэхъу. Зэрыхъужу, дзэм хохьэж.

Фашистхэр къызэдзэкъэкIыурэ икIуэтыжырт. Абыхэм зыхащIат я кIэн къызэримыкIынур. ИтIани, ерыщу къэникъуакъуэрт, къали къуажи зэтракъутэрт, цIыху лажьэншэхэр щысхьыншэу зэтраукIэрт. Адыгэ щIалэм и нэгу щIэкIащ бийм илэжьа хьэкIэкхъуэкIагъэ куэд. Езыри и сэлэтхэри нэхъ зыхущIэкъуар зыт - я хэкуэгъухэм ялъ зэращIэжынырт, нэмыцэхэм удын нэхъыбэ зэрырадзынырт. ИпэкIэ кIуатэурэ, абыхэм къызэранэкIащ Харьков, Полтавэ, Невель, нэгъуэщI къалэхэри...

Нэхущыр зи унафэщI сэлэтхэм мызэ-мытIэу лIыгъэ щызэрахьащ совет дзэ пашэхэм «Багратион» зыфIаща зэрыхьзэрийр Беларусым щыщрагъэкIуэкIым. Мырзэбэч и дзэлIхэращ Двинэ КъухьэпIэ псышхуэм япэу зэпрысыкIыфар, бийр изыгъэкIуэту и сэмэгурабгъу лъэныкъуэм зыщызыгъэбыдар, Дзэ Плъыжьым, хэщIыныгъэшхуэ имыIэу, адэкIэ гъуэгу хухэзышар.

Мырзэбэч и гупыр къыхэжанык1ащ Полоцк, Молодечнэ, Ветринэ къалэхэр хуит къыщащIыжми. Зэхэуэхэм ящыщ зым щIэрыщIэу уIэгъэ щыхъури, ар сымаджэщым ещанэу щIэхуащ. Ауэ, хабзэ зэрыхуэхъуауэ, зыщигъэгувакъым, зыхэта гупым ялъэщIыхьэжащ, батальоным и унафэщI ящIащ. КъухьэпIэмкIэ кIуатэурэ, совет армэр Латвиеми Литвами нэсащ.

Зарасай къалэм деж Нэхущыр уIэгъэ хьэлъэ щыхъури, зыкъомрэ сымаджэщым щIэлъын хуей хъуащ, ауэ къызэригъэгугъэу аргуэру фронтым игъэзэжащ...

1944 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм Мырзэбэч ягъэкIуащ дзэ пашэхэр щрагъаджэ курсхэм. Абы здэщыIэм, ТекIуэныгъэ Иным и махуэр къэсащ...

Хэку зауэшхуэр зэфIэкIа иужьи, Нэхущ Мырзэбэч советыдзэм хэтащ. Фрунзе Михаил и цIэр зезыхьэ Дзэ академиер 1956 гъэм къиухри, полковник цIэр къыфIащащ. Приволжскэ дзэ округым абы щигъэзэщIащ штабым и унафэщI, полкым и командир къалэнхэр. Дзэ къулыкъур КъуэкIыпIэ Жыжьэми щрихьэкIащ.

Зыщалъхуа щIыналъэм къигъэзэжри, Кавказ Ищхъэрэ дзэ округым хыхьэ дивизэм и унафэщIу лэжьащ. 1970 гъэм Нэхущ Мырзэбэч къыфIащащ генерал-майор цIэ лъапIэр.

Илъэсибгъу дэкIри, дзэм къыхэкIыжащ. Ауэ и Iэр зэтедзауэ ар тIысыжакъым. Нэхущыр жылагъуэ лэжьыгъэхэми хэтащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и ветеранхэм я советым и унафэщIу, щIалэгъуалэр гъэсэным жыджэру хэлэжьыхьу, республикэм щекIуэкI Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм сэбэп щыхъуу къэгъуэгурыкIуащ. Мырзэбэч и тхылъи (роман) дунейм къытехьащ. «ФIэхъус, Бахъсэн!» - аращ абы зэреджэр.

АдыгэлI хъыжьэм кърататт Хэкум и дамыгъэ лъапIэу зыбжанэ: Бэракъ Плъыжь ордену - тIу, Вагъуэ Плъыжь ордену - щы, Хэку зауэ орденым и япэ, етIуанэ нагъыщэхэр, «Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэ», «IэщэкIэ ЗэщIэузэда Къарухэм яхэту, Хэкум къулыкъу зэрыхуищIам папщIэ» орденхэр, медаль куэд.

Нэхущ Мырзэбэч 1999 гъэм дунейм ехыжащ. Абы и цIэр зэрахьэ Налшык и уэрамхэм ящыщ зым, Зеикъуэ дэт ещанэ курыт еджапIэм.

АНЗОРЫКЪУЭ Аслъэмырзэ.

Гупыр къригъэлат

Курыт школыр 1941 гъэм и гъэмахуэм къэзыуха ныбжьыщIэ псоми хуэдэу, Курп Ипщэ (Инарыкъуей) щIалэхэмрэ пщащэхэмри гъащIэм хыхьат, гуфIэгъуэрэ дэрэжэгъуэкIэ я псэр гъэнщIауэ, мурадхэр зэрызыIэрагъэхьэнум щIэхъуэпсу. Хэти адэкIэ и щIэныгъэм хигъэхъуэнут, нэгъуэщIхэри къэзылъхуахэм щIэгъэкъуэн яхуэхъунут.

КУРЫТ щIэныгъэ зэзыгъэгъуэта Щад Бесэ егъэджакIуэ IэщIагъэм хуеджэну мурад ищIауэ зигъэхьэзырт. Ауэ и гуращэм хунэмысу ар дзэм яшащ. Бесэ и гъусэу дзэм яшат и къуажэгъухэу Ныбэжь Кърым, Шэрий Чыланий, Шыдакъ Мухьэмэд сымэ. Ахэр щIэлъэIуат къулыкъур зэщIыгъуу ирырагъэхьэкIыну, ауэ, зэкIэрачри, Ныбэжьымрэ Шыдакъымрэ нэгъуэщI щIыпIэ къыщыхутащ. Смоленск областым и 180-нэ фочауэ дивизэм хыхьэ 86-нэ полкым Щадымрэ Шэриймрэ хэхуат. Связистхэр щагъэхьэзыр школым ахэр щрагъэджэну ягъэкIуауэ Хэку зауэшхуэр къэхъеящ.

Къэрал гъунапкъэр къызэпхатхъыу ди щIыналъэм къихьа нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм япэщIэуващ Ищхъэрэ къухьэпIэ фронтым и дзэхэр. Бесрэ Чылэнийрэ ящыщащ япэу фронтым Iухьахэм. Апхуэдэу щIадзэри, фашистхэм езауэурэ, гъуэгуанэ кIыхь зэпачащ. Ленинград, Новгород, Псков, Смоленск областхэм хыхьэ къалэхэр, къуажэхэр хуит къэщIыжыным лIыхъужьыгъэ яхэлъу щIэзэуащ инарыкъуей щIалэхэр, гугъуехь мащIи я нэгу щIэкIакъым абыхэм.

1942 гъэм и щIышылэ мазэт. Уэсыр апхуэдизкIэ кууэ телъти, упхыкIыф къудейт, жьыбгъэ щIыIэми нэр игъаплъэртэкъым. Нэмыцэхэм яубыдауэ яIыгъ Хмелевэ къуажэ цIыкIум деж махуэ зыбжанэ хъуауэ зэхэуэ гуащIэ щекIуэкIырт. Iэщэ-фащэкIэ, техникэкIэ лъэщу зэщIэузэда нэмыцэдзэм къуажэ дыхьэпIэм деж плъырыпIэ лъагэ щигъэуват. Бийм и зауэлIхэр абы къитIысхьауэ пулеметкIэ, лагъымыдзкIэ увыIэгъуэ ямыIэу къауэрти, ди дзэм хэщIыныгъэшхуэ къратырт. Iэмал зыхуамыгъуэт а лъагапIэр икIэщIыпIэкIэ къутэн хуейуэ полкым и дзэзешэм унафэ ищIат. А унафэр ягъэзэщIэну зауэлI дапщэ яутIыпшами, зыми псэууэ къигъэзэжатэкъым. Апхуэдэу щыхъум, Щадыр абы ягъэкIуэну мэлъаIуэри, хуит къащIа иужь, щыгъын хужькIэ зехуапэ, гранатиплI къыздещтэ, и автоматми хуэфIу шэ ирелъхьэри йожьэ.

Уэс куум ныбафэкIэ хэлъу пщыуэрэ, лъагапIэм и сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкIэ иунэтIащ абы. Уэсым къыхэщ къудейуэ япэкIэ кIуатэ Щадым нэмыцэхэм гу къылърамыгъэтэн щхьэкIэ, ди зауэлIхэр лъагапIэм пулеметкIэ увыIэгъуэ ямыIэу еуэрт. Фочышэ зыпхымыкI гъущI IувкIэ къэщIыхьа плъырыпIэм Щадыр щынэсым, дыдейхэм уэныр зэуэ щагъэтащ. Нэмыцэхэми къэхъуар къагурымыIуэу, я къэуэныр зэпагъэуащ. Абы ирихьэлIэу Бесэ лъагапIэм Iэуэлъауэншэу дэкIуейуэ щIидзащ. Япэ къэгъэшыпIэм нэсауэ, нэмыцэ сэлэт нэрыплъэкIэ дыдейхэм къахэплъэу къилъэгъуащ. Щадыр щэхуу абы и щIыбагъымкIэ къыдыхьэри, и епхъуи и къащти зы ищIри, нэмыцэ сэлэтыр лъагапIэм кърыдзыхащ. Абы иIыгъа пулеметри ириIуэнтIэкIри фашистхэм яхэуэу хуежьащ.

Абдежым ди дзэм зыкъаIэтри ебгъэрыкIуащ икIи нэмыцэдзэр ирагъэкIуэтри, лъагапIэри абыхэм хэщIапIэ ящIа жылэри яубыдыжауэ щытащ. ЗауэлIхэр зэхуэзэжа нэужь, Щадым къыкъуэкIа лIыгъэм ди сэлэтхэр апхуэдизкIэ щыгуфIыкIати, ар къаIэтурэ драдзейрт, IэплIэ хуащIырт, «Упсэу, ди къуэш!» - жаIэурэ. Адыгэ щIалэм хэлъ хахуагъэм ди зауэлIхэр щытыкIэ гугъум къришауэ щытащ. Абы иужькIи Бесэ апхуэдэ зэхэуэ Iэджэми хэтащ, фашистхэм лъапсэрыхыр къахуигъакIуэу. Гукъинэжт Новгород областым щыщ Парфино къуажэм деж 1943 гъэм и кIэм щекIуэкIа зэхэуэхэри. Бийм и «лъэбжьанэр» апхуэдизкIэ быдэу а щIыпIэм щыфIигъэнати, зэпэщIэува лъэныкъуитIыр зэрытемыгъакIуэу жылагъуэм щIэбэнырт, махуэм хуэзэу щэнейрэ щызэIэпах щыIэу. Тхьэмахуит1ым нэскIэ зэпыу имыIэу екIуэкIа зэхэуэ гуащIэхэм ящыщ зым Щадыр уIэгъэ хьэлъэ щыхъуащ. Ауэ, насып иIэти и гъусэт къуэш хуэхъуа Шэрий Чыланий. Абы псынщIэу гу лъитащ и ныбжьэгъур зэрыуIэгъэм икIи, шэр къытелъалъэ щхьэкIи къимыгъанэу, зэуапIэм къыIуихащ, дивизэм и санчастым нигъэсащ. Щадым телъ уIэгъэр апхуэдизкIэ куут икIи хьэлъэти, ар Горький къалэм дэт госпиталым ямышэу хъуакъым.

МазиплIкIэ абы щIэлъа нэужь, фронтым Iухьэж мыхъуну къалъытэри, 1944 гъэм и гъатхэм унэм къагъэкIуэжащ.

Зыхэта зауэ гуащIэхэм щызэрихьа лIыхъужьыгъэхэм къапэкIуэу абы кърататащ Хэку зауэшхуэ орденым и 2-нэ нэгъыщэр, «Хахуагъэм папщIэ», «Германием дызэрытекIуам папщIэ» медалхэр, нэгъуэщIхэри. Хмелевэ лъагапIэр къыщащтам зэрихьа лIыхъужьыгъэм папщIэ, абы къыхуагъэфэщат Вагъуэ Плъыжь орденыр.

Зауэм къикIыжу щалъхуа къуажэм къигъэзэжа нэужь, и уIэгъэр нэхъыфI зэрыхъужу щIидзэри, Щадыр лэжьыгъэ IэнатIэ зыбжанэм пэрытащ. НКВД-м оперуполномоченнэ къалэныр илъэситIкIэ щрихьэкIащ. Абы иужькIэ, Курп МТС-м и бухгалтеру, «Вагъуэ Плъыжь» колхозым и гъавэ хъумапIэм и унафэщIу, а хозяйствэм и гъэсыныпхъэ игъэхъуапIэм илъэс 30-м нэскIэ щылэжьащ. Сыт хуэдэ IэнатIэми пэрытащ, и къалэнхэр хьэлэлу игъэзащIэу, зыхэтхэм пщIэрэ щIыхьрэ къыхуащIу. И ехъулIэныгъэхэм папщIэ ГуащIэдэкI Бэракъ Плъыжь орденыр, «Лэжьыгъэм и ветеран» медалыр, щIыхь тхылъхэр, саугъэт лъапIэхэр къыхуагъэфэщауэ щытащ.

Абырэ и щхьэгъусэ Лизэрэ я къуэ закъуэр хабзэрэ намысрэ хэлъу ягъэсащ, къагъэхъуащ, щIэныгъэ нэхъыщхьи ирагъэгъуэтащ. Апхуэдэ лIыгъэ зезыхьа Щад Бесэ и ныбжьыр илъэс 82-рэ хъууэ 2002 гъэм дунейм ехыжащ. И щIэблэр адэшхуэм и щIыхьыр яхъумэу мэпсэу.

КЪАНКЪУЛ Раисэ.

● Зэныбжьэгъугъэ

Урысеймрэ Белоруссиемрэ зэпызыщIа телелъэныкъо

Аруан щIыналъэм и лIыкIуэхэмрэ Белоруссием щIипсэухэмрэ зэпэIэщIэу иджыблагъэ зэпсэлъащ, телелъэныкъо Iэмалыр къагъэсэбэпри. Ар ирагъэкIуэкIащ ТекIуэныгъэкIэ Инымрэ Белоруссиер федшист зэрыпхъуакIуэхэм къыззыIэщIагъэкIыжрэ илъэс 80 зэрырикъумрэ ирихьэлIэу. Ди лIэныкъуэмкIэ абы хэтащ Нартхъалэ дэт Техник ныбжьыщIэхэм я станцым и унафэщIхэмрэ дзэ-хэкупсэ гъэсэныгъэмкIэ «Патриот» центрым и лэжьакIуэхэмрэ.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэкупсэ гъэсэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэ политикэмрэ ветеранхэм ядэIэпыкъуныкIэ и комиссэм хэт, Жылагъуэ палатэм Аруан районым щIэ къудамэм и унафэщI Нало Юрэ ирихьэлIэкIащ «Преступления против человечности. Без срока давности» зэхыхьэр. Абы жыджэру хэтащ Белоруссием и дзэ-хэкупсэ, щIалэгъуалэ Iыхьлыгъэ зэгуэхыныгъэхэмрэ къэлъыхъуакIуэ гупхэмрэ. Ар теухуауэ щытащ 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм совет цIыхубэм щыIэу хэкIуэдам.

ЗэIущIэм къышIэлъащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэтхэу Абэнокъуэ Владимиррэ (хэкупсэ гъэсэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэ политикэмрэ ветеранхэм ядэIэпыкъуныкIэ и комиссэм и унафэщIыр) Накуэ Феликсрэ (щэнхабзэмкIэ, хъуГуэзэфIыгъуэхэр хъумэныкIэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм ядэлэжьэныкIэ и комиссэм и унафэщIыр). 1941 - 1945 гъэхэм, Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм, нэмыцэ-фашист зэрырэхъуакIуэхэм совет цIыхубэр гъэкIуэдыным (мамыр цIыхухэмрэ гъэру яубыда зауэлIэхэмрэ) теухуауэ ялэжьа щIэпхъаджагъэхэм папщIэ КъБР-м и Суд нэхъыщхьэм щекIуэкIа «Зи пIалъэр имыкI» Iуэхум хэта Накуэ Феликс тепсэлъыхьыжащ абы щыжаIам.

Зэхуэсахэм нэхъыщхьэу зи гугъу ящIар Хэку зауэшхуэм и лIыхъужьхэм я фэеплъхэр хъумэнырщ, тхылъэм и пэжыр зремыгъэхъэкIыныр къэралымрэ жылагъуэмрэ я къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытырщ. Апхуэдэу къытеувыIащ къэлъыхъуакIуэ гупхэм я лэжьыгъэм щIэблэм я гъэсэныгъэм ехьэлIауэ мыхьэнэшхуэ зэрэIэм, Урысеймрэ Белоруссиемрэ щыпсэу лъэпкъэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр адэкIи зэрагъэбыдэнум.

Бобруйск къалэм и концлагерым иса усакIуэ цIэрыIуэ Шоджэнцыкъу Алий и гъащIэмрэ гуащIэмрэ тепсэлъыхьащ а къалэм и библиотекэм и унафэщIыр. Шоджэнцыкъу Алий и пхъурылъху Хьэкlащэ Мадинэ фIыщIэ яхуищIащ и адэшхуэм и фэеплъыр библиотекэм и лэжьакIуэхэм зэрахъумэм, и тхыгъэхэм щIэблэр зэрыщIэпIыкIым папщIэ.

Урысеймрэ Белоруссиемрэ щыпсэу лъэпкъхэм хуосакъыу яхъумэ икIи щIэблэр щIалэхэ Хэку зауэшхуэ зэманым совет цIыхубэм зэрахъэ лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ. Къэралитным я къэлъыхъуакIуэхэм къагъэтыжауэ щытащ Белоруссием щыкIуэгъуэда ди зауэлIхэм я цIэкIэр. Белорусхэм къагъэхьащ КъБАССР-м и цIыхуу я щIыналъэм щагъэкIа зауэлI 345-м я цIэкIэр, ахэр щыщIалъхьэжа щIыпIэхэр щыгъуэу. Ди республикэм и къэлъыхъуакIуэхэм ягъэбелджылы ди деж щыхэIущIа, Белоруссием и зауэлI 200-м щIигъум я цIэкIэр. Зэхуэсахэр мамырыгъэм щIэбэну хэкIуэдахэм зы дакъикъкIэ яхуэщыгъуащ. Хэку зауэшхуэм теухуа теплъэгъуэхэр къагъэлъэгъуащ интернет-мэрэ лицеймрэ я гъэсэнхэм.

ЗэIущIэр и щыхьэтщ Урысеймрэ Белоруссиемрэ зы тхыдэ зэрагъэпэщауэ, зэныбжьэгъугъэ бгы яку зэрыдэлъыным. Къэпсэлъахэм жалащ дэз Iуэху хэхар икIэщIыпIкIэ дэ къэралым и екIуэкIэныгъэкIэ ихуину зэрыщыгугъыр. «ТекIуэныгъэм и махуэшхуэ» уэрэдыр псоми здэщыжаIащ.

Зэхыхьэм хэтащ ветеранхэр, зауэм и бынхэр, жылагъуэ зэгуэхыныгъэхэм, къэлъыхъуакIуэ гупхэм я лIыкIуэхэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

ЮНЕСКО зэгуэхыныгъэм Фэеплъхэмрэ щIыпIэ хьэлэмэтхэмрэ хъумэныкIэ и дунейпсо чэнджэщым (совет ым) и ассамблеем (ИКОМОС) 1982 гъэм иригъэкIуэкIа и зэIущIэм къыщищтащ «Тхыдэ мыхьэнэ зиIэ щIыпIэхэм дахуэзгъэсакъ» псалъэзэр и пэджэж махуэр гъэ къэс гъэлъэпIэным теуха унафэр.

ИЛЪЭСИТI нэхъ дэмыкIыу абы къыкIэлъыкIуащ жылагъуэм щэнхабзэм и щIэин щIыпIэхэмрэ фэеплъхэмрэ гулъытэ хэха щыхуащI махуэр 1984 гъэм къыщыщIэдзауэ мэлыжьыхым и 18-м дунейпсом зэрыщагъэлъапIэр.

ИКОМОС Iуэхущапlэр 1965 гъэм къыщрагъэпэщащ. Ар зи лэжьыгъэм фIыуэ хэзыщIыкI, къэрали 134-м щыщ щIэныгъэлI-іэщIагъэлI мин 12-м нэблагъэмрэ хэгъэгу зэхуаку щIэныгъэ комитету 33-мрэ (гъэ блэкIам тетщIыхьмэ) зэзышlэлIэ зэгуэхыныгъэщ. Абы и лэжьыгъэр хуэунэтIащ Фэеплъхэмрэ тхыдэ мыхьэнэ зиIэ щIыпIэ хьэлэмэтхэмрэ хъумэныкIэ мэнымрэ къэгъэщIэрэщIэжьыныкIэ къэрал зэхуаку зэгуэхыныгъэм (Венецианская хартия) 1964 гъэм къыщащта унэтIыныгъэ-тегъэщIапIэхэр гъащIэм щыпхырыкIыным.

Сыт хыхьэр?

Щэнхабзэ щIэину къалъытэхэм ящыщIу архитектурэмрэ скульптурэмкIэ фэеплъхэр, ижь-ижьыж лъэхъэнэхэм дунейм тета щIыхукъэпсэгупа бгъуэнщIагъэ-хьыжьэр, абыхэм я блынхэм тращIыхьа сурэтхэмрэ тредза тхыпхъэщIыпхъэхэмрэ. А лIэужьыгъуэм хохьэ тхыдэ, эстетикэ, этнологие, антропологие я къэлъыхъуакIэ зэхуэдэ щыIэныгъэ-уэрэсинэкIэ и щIэинщ зи дахагъэкIэ ямылейуэ узыIэпызыщIэ щIыпIэхэри, кIуэдыжьипэкIи нэса псэущхьэхэмрэ къэкIыгъэхэмрэ уащыхуэзэ мэзгъэфIэкIэну биологие щIэныгъэм дежкIэ щхьэпэжри.

Блэкlам дриплъэжу

Тхыдэ мыхьэнэ зиIэ Iуащхьэкlэ, къалэжьхэм, кхъэлъахэхэм щIыхьэ хозяйствэм екъэлIа хуэIуху щIэкIэ щемыгъэщIэным хуэгъэза унафэ 1924 гъэм СССР-м щIэныгъэ Iэзэхэм кIэ и цIыхубэ комиссариатым къыдигъэкIауэ щытащ. Ауэ илъэсипщI дэкIри, 1934 гъэм, къэралым хозяйствэ ухуэныгъэхэм зэрызыщагъэувыIам къыхэкIыу, апэрейр нэхъ ямыгъэзэщIэж хъуат.

1976 гъэм Совет Союзым тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэр хъумэныкIэ ахэр къыззырыбгъэсэбэп хъуну щIыкIэмрэ тегуха унафэ къыщащтащ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар гъэщIэм зэрыщыхапщэ щIагъуэ щымыIэу нобэрей зэманым дыкъэсащ. КъызэыхэкIым и гугъу тщIымэ, хабзэм ебгъэкIуэдам тхьинагъ зэрыпхуэ-гъэдыхьэкIэркъым. Iуэхугъуэ мыщхьэпэхэр зылэжьэм яхуэгъэзэ унафэхэр ар зи пщэ дэлъхэм дахэ-дахэу ягъэзащIэркъым, темыкIыу иригъуаззэри мащIэщ. Тхыдэм пыщIа щIыпIэхэм, фэеплъхэм, мэз гуэрэнхэм, зэрахъэрафащэм хуэдэу, щыхьэркъым. «Абыкlэ къуанщэ щыIэ?» - жыпIэрэ ущIэупщIэмэ, щыIэщ, арщхьэкIэ апхуэдэкIэ жэуапым щрашалIэр зэзэмызэхэщ.

Гъэщlэгъуэнкъэ, ауэ Европэм щыIэ къэралхэм абы и лъэныкъуэкIэ я Iуэху зыIутыр нэгъуэщI. Абыхэм блэкIам пщIэ зэрыхуащIам и щапхъэ хэщ, тхыдэм и щIэину къэлъытэ щIыпIэ дахэкэр, фэеплъхэр зэрыщытам хуэдэу ди нэгу къыззэрыщIагъэувэжыным зэрыхуащIэхэури, щIыпIкIэныгъэ зэхэтlыкIэу яIам зэрыхуэгъэзэныкъэри.

Псалъэм папщIэ, Инджылызым и ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ, «Iапэ зыIъамы гъэIэсам хуэдэу», нобэр къызэдэсми щахъумащ зэкIэлъыхьарэ Iуащхьэ лъагэу зэтетхъуауэ тхыдэм къыпхыкIа «Адриан и къуэтIыхь» зыфIаща шытхыр. Ар километри 117-рэ зи кIыхьагъ щIэ зэфэзэщым дежкIэ цIыху кIарыкIэ къыщIэта блынщ, зэтрезыгъэтхъуауэ щытари Римым и император Адриан Публийщ, и унафэ къыщIэмыувэ лъэпкъхэм къэралыгъуэ абрагъуэм и ищхъэрэ гъунапкъэхэр ящихьумэн папщIэ.

Зэрыхуэзакъыпхъэр къагурыгъэIуэн

Тхыдэм пыщIа щIыпIэхэмрэ фэеплъхэмрэ я махуэр хэзыгъэунэхукIахэм къалэн нэхъыщхьэу зыхуагъэувыжар, зэрыгуфIэгъэщIи, щэнхабзэм, щIыIуэпсым, блэкIам я щIэину дунейпсо мыхьэнэ зиIэхэм зэрыхуэзакъыпхъэхэм ямылъэныкъуэкIэ хуэунэмыкIэ лэжьыгъэхэм гулъытэ нэхъыбэ зыхуагъэсIыныгъэ.

Мы махуэм ирагъэкIуэкI хабзэщ дяпэ итахэм щэнхабзэм и щIэину къытхуагъэнахэр хъумэн зэрыхуейм щытепсэлъыхь зэхыхьэхэр, экологэр зыгъэIущIэ конференцыкIэр, тхыдэм пыща сурэтхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэр. Уеблэмэ зи гугъу тщIы Iуэхур дзэзыбгъэм ящыныкъуэ мэузейхэм щIыхэр пщIэншэу щIагъэхьэ, адрей махуэхэм зэхуэщIа архитектурэ комплекхэм я куэджэхэр хуэзIуах.

● Махуэгъэпс

БыдапIэжь

Адыгэхэм ди дежкIэ къедгъэззэкIынщи, Хэкужьым тхыдэ щIэину къыщыкIтыныгъэхуну щIыпIэхэр щымащIэкъым, ящIыщ куэдыр зэрыщыта жыпхъэм имытыжу телплъаджэ дыдэ хъуами. «И щхьэусыгъуэр зэманрауэ пIэрэ зыхуэхьыпхъэр?» жыфIэнкIэрэ зэхуэдэ, ауэ, фи фIэщ зэрыхъун, езы щIыхуэхэм къабгъэдэкI зэранытгъэр куэдкIэ нэхъыбэмэ! Абыкlэ щIыхьэтщ пасэм псэуа тхыдэдж-лъэхъэгъэхэу дэ, адыгэхэм, къыттетхыхьахэмкIэ къызэранэкIа я тхыгъэхэри...

Мы Iуэхум ехьэлIауэ дэфтэрэхэм дызыщрихьэлIа сатырхэм ятетщIыхьмэ, тхыдэ фэеплъхэм зи зэранытгъэ нэхъ еклауэ къэлъытатхъэр ди лъэпкъэгъуэр аракъым, атIэ езы адыгэ-абазэ-убыхэхэм я Хэкужь ябгынэм хуей щIыхуэм, абыхэм я пIэкIэ къэкIуа хэкэсхэу иужьым хэгъэрейуэ зыкъыщIэзыгъэдзыжьахэрщ.

А псоми зэуэ я гугъу зэрыт-хуэмыщIынум къызэкIыу, клэщIу дапIэ къызэIущIэ къуэш Къэрэшей-Шэрджэсым щежэж Инжыдж Щыкlу и ныбджэм щхьэщыIэтыкIауэ къыхуеплъых «Iдиичу» чэщанэ-жьыжьэу абы и тепIэжкIи игъэзащIэу щыта и кIалэнкIи хуагъэдэну (тхыдэджжэм къыщIэкIэта блынщ, зэтрезыгъэтхъуауэ щытари Римым и император Адриан Публийщ, и унафэ къыщIэмыувэ лъэпкъхэм къэралыгъуэ абрагъуэм и ищхъэрэ гъунапкъэхэр ящихьумэн папщIэ.

Зэрыхуэзакъыпхъэр къагурыгъэIуэн

Тхыдэм пыщIа щIыпIэхэмрэ фэеплъхэмрэ я махуэр хэзыгъэунэхукIахэм къалэн нэхъыщхьэу зыхуагъэувыжар, зэрыгуфIэгъэщIи, щэнхабзэм, щIыIуэпсым, блэкIам я щIэину дунейпсо мыхьэнэ зиIэхэм зэрыхуэзакъыпхъэхэмкIэ ямылъэныкъуэкIэ хуэунэмыкIэ лэжьыгъэхэм гулъытэ нэхъыбэ зыхуагъэсIыныгъэ.

Мы махуэм ирагъэкIуэкI хабзэщ дяпэ итахэм щэнхабзэм и щIэину къытхуагъэнахэр хъумэн зэрыхуейм щытепсэлъыхь зэхыхьэхэр, экологэр зыгъэIущIэ конференцыкIэр, тхыдэм пыща сурэтхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэр. Уеблэмэ зи гугъу тщIы Iуэхур дзэзыбгъэм ящыныкъуэ мэузейхэм щIыхэр пщIэншэу щIагъэхьэ, адрей махуэхэм зэхуэщIа архитектурэ комплекхэм я куэджэхэр хуэзIуах.

А псоми зэуэ я гугъу зэрыт-хуэмыщIынум къызэкIыу, клэщIу дапIэ къызэIущIэ къуэш Къэрэшей-Шэрджэсым щежэж Инжыдж Щыкlу и ныбджэм щхьэщыIэтыкIауэ къыхуеплъых «Iдиичу» чэщанэ-жьыжьэу абы и тепIэжкIи игъэзащIэу щыта и кIалэнкIи хуагъэдэну (тхыдэджжэм къыщIэкIэта зэрыхутамкIэ) Псыжь и адрыщIкIэ щыдращIеяуэ быдапIэжь зыбжанэмрэ. Иужьрейхэм ящыщу къагъуэтыжахэм, къызэрыхэдгъэщащи, къахэнэжар мащIэ дыдэщ.

Атlэ, мы Iуэхум теухуауи дэфтэрэхэр къэзыгъэщIыкIыж тхыдэджжэм зэрыжаIэмкIэ, ди лъэпкъэгъуэхэм ящыщ куэдым яцIыху «Iдиичу» чэщанэр ящыщ зыт хъыбарегъащIэплъыр ухуэныгъэжьыу Псыжьэр Инжыджэр я ныджэжэм дадщIыкъауэ щытахэм.

Я уэрэджэкIэ (архитектура и лъэныкъуэкIэ) зэщIэкъо кIапсэ щыкIэу укъуэдиящэ а псыхъуитIми я кIыхьагъкIэ щыдращIеяуэ щыта быдапIэжьхэм, зэрыжьитIащи, къахэнэжар мащIэ дыдэщ, кIуэ езы «Iдиичу» чэщанэм и гугъу дымыщIмэ (мыр нэхъ къыщIыззэтенауэ дэ къэтIытыр и Iэхэлъаэхэр ди лъэпкъэгъуэм ябгынэн хуей хъуами, илъэс 15 - 20-м къэнэжьыдэу къыззэрыгъэтIысхьэжамрэ езы быдапIэ цIыкIур лъагапIэ здынэсыгъуейм зэрытетымрэщ.

Апхуэдэкъым, ди жагъуэ зэрыхъунщи, «Iдиичу» едгъэщхьыну Псыжь адрыщIкIэ щауэдауэ щыта адрей быдапIэу плIым я Iуэху зыIутыр. ПсыкращхьэкъохэмкIэ къыщыщIэдзэмэ, псом япэрауэ, ахэр къэрэшей къуажэхэу Хурэукрэ абы куэдкIэ хуэнэхъыщхьэр иджырей Къызылкъалэрэ (Къалэ плъыкъ) дэкIа зыкъыщцызыIэтауэ щытахэрщ, къыннэмыщIауэ, Новоисправненскэ жылэ цыкIум и гъэнэгу къуэлажьэу урыкъэм «Клевцов» зыфIащцам щхьэщыт бжьэпэм тращIыхьамрэ Армавир къалэм и Iэхэлъахэм «Тыгуэнэхэ я чэщанэ» жыхуаIэу щыIамрэщ...

Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэтщтэнщи, щэнхабзэ щIэин теплъэ зиIэ щIыпIэу мин бжыгъэ итщ. Абыхэм ящыщу 425-р къэрал тхылъэм ираткIащ, 76-р археологием и хъугъэ-гъэIорышIэу, 321-р тхыдэм и щIэинщ, 40-р гъэзащIэм пыщIащ, 74-р архитектурэм и къулеигъэщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Тхыдэ мыхьэнэ зиIэ щIэинхэр

● Махуэгъэпс

БыдапIэжь

Адыгэхэм ди дежкIэ къедгъэззэкIынщи, Хэкужьым тхыдэ щIэину къыщыкIтыныгъэхуну щIыпIэхэр щымащIэкъым, ящыщ куэдыр зэрыщыта жыпхъэм имытыжу телплъаджэ дыдэ хъуами. «И щхьэусыгъуэр зэманрауэ пIэрэ зыхуэхьыпхъэр?» жыфIэнкIэрэ зэхуэдэ, ауэ, фи фIэщ зэрыхъун, езы щIыхуэхэм къабгъэдэкI зэранытгъэр куэдкIэ нэхъыбэмэ! Абыкlэ щIыхьэтщ пасэм псэуа тхыдэдж-лъэхъэгъэхэу дэ, адыгэхэм, къыттетхыхьахэмкIэ къызэранэкIа я тхыгъэхэри...

Мы Iуэхум ехьэлIауэ дэфтэрэхэм дызыщрихьэлIа сатырхэм ятетщIыхьмэ, тхыдэ фэеплъхэм зи зэранытгъэ нэхъ еклауэ къэлъытатхъэр ди лъэпкъэгъуэр аракъым, атIэ езы адыгэ-абазэ-убыхэхэм я Хэкужь ябгынэм хуей щIыхуэм, абыхэм я пIэкIэ къэкIуа хэкэсхэу иужьым хэгъэрейуэ зыкъыщIэзыгъэдзыжьахэрщ.

А псоми зэуэ я гугъу зэрыт-хуэмыщIынум къызэкIыу, клэщIу дапIэ къызэIущIэ къуэш Къэрэшей-Шэрджэсым щежэж Инжыдж Щыкlу и ныбджэм щхьэщыIэтыкIауэ къыхуеплъых «Iдиичу» чэщанэ-жьыжьэу абы и тепIэжкIи игъэзащIэу щыта и кIалэнкIи хуагъэдэну (тхыдэджжэм къыщIэкIэта зэрыхутамкIэ) Псыжь и адрыщIкIэ щыдращIеяуэ быдапIэжь зыбжанэмрэ. Иужьрейхэм ящыщу къагъуэтыжахэм, къызэрыхэдгъэщащи, къахэнэжар мащIэ дыдэщ.

Атlэ, мы Iуэхум теухуауи дэфтэрэхэр къэзыгъэщIыкIыж тхыдэджжэм зэрыжаIэмкIэ, ди лъэпкъэгъуэхэм ящыщ куэдым яцIыху «Iдиичу» чэщанэм и гугъу дымыщIмэ (мыр нэхъ къыщIыззэтенауэ дэ къэтIытыр и Iэхэлъаэхэр ди лъэпкъэгъуэм ябгынэн хуей хъуами, илъэс 15 - 20-м къэнэжьыдэу къыззэрыгъэтIысхьэжамрэ езы быдапIэ цIыкIур лъагапIэ здынэсыгъуейм зэрытетымрэщ.

Апхуэдэкъым, ди жагъуэ зэрыхъунщи, «Iдиичу» едгъэщхьыну Псыжь адрыщIкIэ щауэдауэ щыта адрей быдапIэу плIым я Iуэху зыIутыр. ПсыкращхьэкъохэмкIэ къыщыщIэдзэмэ, псом япэрауэ, ахэр къэрэшей къуажэхэу Хурэукрэ абы куэдкIэ хуэнэхъыщхьэр иджырей Къызылкъалэрэ (Къалэ плъыкъ) дэкIа зыкъыщцызыIэтауэ щытахэрщ, къыннэмыщIауэ, Новоисправненскэ жылэ цыкIум и гъэнэгу къуэлажьэу урыкъэм «Клевцов» зыфIащцам щхьэщыт бжьэпэм тращIыхьамрэ Армавир къалэм и Iэхэлъахэм «Тыгуэнэхэ я чэщанэ» жыхуаIэу щыIамрэщ...

Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэтщтэнщи, щэнхабзэ щIэин теплъэ зиIэ щIыпIэу мин бжыгъэ итщ. Абыхэм ящыщу 425-р къэрал тхылъэм ираткIащ, 76-р археологием и хъугъэ-гъэIорышIэу, 321-р тхыдэм и щIэинщ, 40-р гъэзащIэм пыщIащ, 74-р архитектурэм и къулеигъэщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Урысеймрэ Белоруссиемрэ зэпызыщIа телелъэныкъо

Аруан щIыналъэм и лIыкIуэхэмрэ Белоруссием щIипсэухэмрэ зэпэIэщIэу иджыблагъэ зэпсэлъащ, телелъэныкъо Iэмалыр къагъэсэбэпри. Ар ирагъэкIуэкIа Текlуэныгъэ Инымрэ Белоруссиер федшист зэрыпхъуакIуэхэм къыззыIэщIагъэкIыжрэ илъэс 80 зэрырикъумрэ ирихьэлIэу. Ди лIэныкъуэмкIэ абы хэтащ Нартхъалэ дэт Техник ныбжьыщIэхэм я станцым и унафэщIхэмрэ дзэ-хэкупсэ гъэсэныгъэмкIэ «Патриот» центрым и лэжьакIуэхэмрэ.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэкупсэ гъэсэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэ политикэмрэ ветеранхэм ядэIэпыкъуныкIэ и комиссэм хэт, Жылагъуэ палатэм Аруан районым щIэ къудамэм и унафэщI Нало Юрэ ирихьэлIэкIащ «Преступления против человечности. Без срока давности» зэхыхьэр. Абы жыджэру хэтащ Белоруссием и дзэ-хэкупсэ, щIалэгъуалэ Iыхьлыгъэ зэгуэхыныгъэхэмрэ къэлъыхъуакIуэ гупхэмрэ. Ар теухуауэ щытащ 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм совет цIыхубэм щыIэу хэкIуэдам.

Зэlущlэм къышIэлъащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэтхэу Абэнокъуэ Владимиррэ (хэкупсэ гъэсэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэ политикэмрэ ветеранхэм ядэIэпыкъуныкIэ и комиссэм и унафэщIыр) Накуэ Феликсрэ (щэнхабзэмкIэ, хъуГуэзэфIыгъуэхэр хъумэныкIэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм ядэлэжьэныкIэ и комиссэм и унафэщIыр). 1941 - 1945 гъэхэм, Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм, нэмыцэ-фашист зэрырэхъуакIуэхэм совет цIыхубэр гъэкIуэдыным (мамыр цIыхухэмрэ гъэру яубыда зауэлIэхэмрэ) теухуауэ ялэжьа щIэпхъаджагъэхэм папщIэ КъБР-м и Суд нэхъыщхьэм щекIуэкIа «Зи пIалъэр имыкI» Iуэхум хэта Накуэ Феликс тепсэлъыхьыжащ абы щыжаIам.

Зэхуэсахэм нэхъыщхьэу зи гугъу ящIар Хэку зауэшхуэм и лIыхъужьхэм я фэеплъхэр хъумэныр щ, тхылъэм и пэжыр зремыгъэхъэкIыныр къэралымрэ жылагъуэмрэ я къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытырщ. Апхуэдэу къытеувыIащ къэлъыхъуакIуэ гупхэм я лэжьыгъэм щIэблэм я гъэсэныгъэм ехьэлIауэ мыхьэнэшхуэ зэрэIэм, Урысеймрэ Белоруссиемрэ щыпсэу лъэпкъэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр адэкIи зэрагъэбыдэнум.

Бобруйск къалэм и концлагерым иса усакIуэ цIэрыIуэ Шоджэнцыкъу Алий и гъащIэмрэ гуащIэмрэ тепсэлъыхьащ а къалэм и библиотекэм и унафэщIыр. Шоджэнцыкъу Алий и пхъурылъху Хьэкlащэ Мадинэ фIыщIэ яхуищIащ и адэшхуэм и фэеплъыр библиотекэм и лэжьакIуэхэм зэрахъумэм, и тхыгъэхэм щIэблэр зэрыщIэпIыкIым папщIэ.

Урысеймрэ Белоруссиемрэ щыпсэу лъэпкъэхэм хуосакъыу яхъумэ икIи щIэблэр щIалэхэ Хэку зауэшхуэ зэманым совет цIыхубэм зэрахъэ лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ. Къэралитным я къэлъыхъуакIуэхэм къагъэтыжауэ щытащ Белоруссием щыкIуэгъуэда ди зауэлIхэм я цIэкIэр. Белорусхэм къагъэхьащ КъБАССР-м и цIыхуу я щIыналъэм щагъэкIа зауэлI 345-м я цIэкIэр, ахэр щыщIалъхьэжа щIыпIэхэр щыгъуэу. Ди республикэм и къэлъыхъуакIуэхэм ягъэбелджылы ди деж щыхэIущIа, Белоруссием и зауэлI 200-м щIигъум я цIэкIэр. Зэхуэсахэр мамырыгъэм щIэбэну хэкIуэдахэм зы дакъикъкIэ яхуэщыгъуащ. Хэку зауэшхуэм теухуа теплъэгъуэхэр къагъэлъэгъуащ интернет-мэрэ лицеймрэ я гъэсэнхэм.

Зэlущlэр и щыхьэтщ Урысеймрэ Белоруссиемрэ зы тхыдэ зэрагъэпэщауэ, зэныбжьэгъугъэ бгы яку зэрыдэлъыным. Къэпсэлъахэм жалащ дэз Iуэху хэхар икIэщIыпIкIэ дэ къэралым и екIуэкIэныгъэкIэ ихуину зэрыщыгугъыр. «ТекIуэныгъэм и махуэшхуэ» уэрэдыр псоми здэщыжаIащ.

Зэхыхьэм хэтащ ветеранхэр, зауэм и бынхэр, жылагъуэ зэгуэхыныгъэхэм, къэлъыхъуакIуэ гупхэм я лIыкIуэхэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Фэеплъ жыг хадэ

1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ди къэралым ТекIуэныгъэ Ин къыззэрыщихьэ илъэс 80 зэрырикъуэр щыдгъэлъэпIэнум ирихьэлIэу, «Фэеплъ жыг хадэ» дунейпсо акцэ ирагъэкIуэкI.

ТЭРЧ районым и прокуратурэм и лэжьакIуэхэр хэтащ Плановскэ къуажэм дэт Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъым къедза щIыпIэр зэпэщ щIын Iуэхум. Акцэм хыхьэу абдеж пхъэхуейхэр щыхасащ.

Мы Iуэхур къызэрагъэпэщащ Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм хэкIуэда советскэ цIыхухэм я фэеплъыр хъумэным, мы зэманым екIуэкI дзэ Iуэху хэхам и лIыхъужьхэм я къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытырщ. Апхуэдэу къытеувыIащ къэлъыхъуакIуэ гупхэм я лэжьыгъэм щIэблэм я гъэсэныгъэм ехьэлIауэ мыхьэнэшхуэ зэрэIэм, Урысеймрэ Белоруссиемрэ щыпсэу лъэпкъэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр адэкIи зэрагъэбыдэнум.

Бобруйск къалэм и концлагерым иса усакIуэ цIэрыIуэ Шоджэнцыкъу Алий и гъащIэмрэ гуащIэмрэ тепсэлъыхьащ а къалэм и библиотекэм и унафэщIыр. Шоджэнцыкъу Алий и пхъурылъху Хьэкlащэ Мадинэ фIыщIэ яхуищIащ и адэшхуэм и фэеплъыр библиотекэм и лэжьакIуэхэм зэрахъумэм, и тхыгъэхэм щIэблэр зэрыщIэпIыкIым папщIэ.

Урысеймрэ Белоруссиемрэ щыпсэу лъэпкъэхэм хуосакъыу яхъумэ икIи щIэблэр щIалэхэ Хэку зауэшхуэ зэманым совет цIыхубэм зэрахъэ лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ. Къэралитным я къэлъыхъуакIуэхэм къагъэтыжауэ щытащ Белоруссием щыкIуэгъуэда ди зауэлIхэм я цIэкIэр. Белорусхэм къагъэхьащ КъБАССР-м и цIыхуу я щIыналъэм щагъэкIа зауэлI 345-м я цIэкIэр, ахэр щыщIалъхьэжа щIыпIэхэр щыгъуэу. Ди республикэм и къэлъыхъуакIуэхэм ягъэбелджылы ди деж щыхэIущIа, Белоруссием и зауэлI 200-м щIигъум я цIэкIэр. Зэхуэсахэр мамырыгъэм щIэбэну хэкIуэдахэм зы дакъикъкIэ яхуэщыгъуащ. Хэку зауэшхуэм теухуа теплъэгъуэхэр къагъэлъэгъуащ интернет-мэрэ лицеймрэ я гъэсэнхэм.

Зэlущlэр и щыхьэтщ Урысеймрэ Белоруссиемрэ зы тхыдэ зэрагъэпэщауэ, зэныбжьэгъугъэ бгы яку зэрыдэлъыным. Къэпсэлъахэм жалащ дэз Iуэху хэхар икIэщIыпIкIэ дэ къэралым и екIуэкIэныгъэкIэ ихуину зэрыщыгугъыр. «ТекIуэныгъэм и махуэшхуэ» уэрэдыр псоми здэщыжаIащ.

Зэхыхьэм хэтащ ветеранхэр, зауэм и бынхэр, жылагъуэ зэгуэхыныгъэхэм, къэлъыхъуакIуэ гупхэм я лIыкIуэхэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Фэеплъ жыг хадэ

1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ди къэралым ТекIуэныгъэ Ин къыззэрыщихьэ илъэс 80 зэрырикъуэр щыдгъэлъэпIэнум ирихьэлIэу, «Фэеплъ жыг хадэ» дунейпсо акцэ ирагъэкIуэкI.

ТЭРЧ районым и прокуратурэм и лэжьакIуэхэр хэтащ Плановскэ къуажэм дэт Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъым къедза щIыпIэр зэпэщ щIын Iуэхум. Акцэм хыхьэу абдеж пхъэхуейхэр щыхасащ.

Мы Iуэхур къызэрагъэпэщащ Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм хэкIуэда советскэ цIыхухэм я фэеплъыр хъумэным, мы зэманым екIуэкI дзэ Iуэху хэхам и лIыхъужьхэм я къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытырщ.

БАХЪСЭН Ланэ.

Дэрэжьагъуэ къаритащ

● Грэпплинг

«Fight Zone Tournament» фIэщыгъэр зэрихьэу грэпплингымкIэ урысейпсо зэхьэзэхуэрэр щIыналъэхэм я зэпеуэрэ Налшык къалэм дэт «Гладиатор» спорт комплексым щекIуэкIащ. Абы хэтащ къэралым и щIыналъэхэм я спортсмен 400-м щIигъу.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭХЭР теухауэ щытащ. ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 мы гъэм зэрырикъум икIи ахэр къызэрыгъэпэщащ КъБР-м Грэпплингымкlэ и федерацэм, КъБР-м Спортымкlэ и министерствэр дэIэпыкъуу. ЗэIущIэхэм щытекIуэхэм ирата медалхэм, щIыкIэ тхылъхэм, ахъшэ саугъэтхэм къадэкIуэу, абыхэм хуагъэфэщащ УФ-м спортымкIэ и мастерым и кандидат дамыгъэ лъапIэр.

«Дэ едгъэкIуэкI урысейпсо зэIущIэкэр ди спортменхэм я дежкIэ гуфIэгъуэшхуэщ, я къызэгъэпэщыкIэкIи дэгъуэн щымыIэу апхуэдэщ. БэнакIуэхэм сыт хуэдэ Iэмалри яIэщ я зэфIэкIкIэр нэсу мыбдеж щагъэлъэгъуэну. Арщ икIи ди деж къыкIуэ хъщIэхэм я бжыгъэм илъэс къэс къыщыхэхъуэри», - къыддэгуэшащ и Iуэху еплъыкIэхэмкIэ КъБР-м Грэпплингымкlэ и федерацэм и унафэщI Шыхъуэстэн Руслан.

Зэlущlэкэр зэрекIуэкIым кIалъыплъа, а спортым дихьэх налшыкдэс Къардэн Алим жиIащ иджырей зэхьэзэхуэм куэд щIауэ зэрыпэлъэр, республикэм спортым зэрыщыщIужьы щIыкIэм и гуапэу зэрыкIэлъыплъыр, Урысей Федерацым и щIыналъэ куэд